

Premye So A

63-0318

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, USA

1 Annou bese tèt nou kounye a pou priye. Papa nou ki nan Syèl la, nou di W mèsè aswè a pou lòt okazyon sa, pou vin adore W. Nou gen rekonesans poutèt nou anvi e poutèt nou gen gwo revelasyon Lavi Etènèl sa ki abite anndan nou. E nou vini aswè a, Papa, pou etidye Pawòl ou, ansanm, gwo mistè kache sa yo ki te kache depi fondasyon mond lan. E Ayo a se Li sèl ki ka revele L pou nou. Mwen priye pou Li vin pami nou, aswè a, epi pran Pawòl Li pou revele L ban nou, konsa nou ka konnen kijan nou ka sèvi L mye, nan tan lafen sa. O Bondye, pandan nou konsyan ke nou lan tan lafen kounye a, ede nou kounn plas nou, Seyè, epi konsyan ti kò frèl nou, ak sètitud Vini Seyè a, byento. Nou mande sa lan Non Jezi. Amèn.

2 Mwen kwè se David ki te di: "Mwen te nan lajwa kan yo te di m, ann al nan kay Seyè a." Se toujou yon gwo privilèj pou al la. Epi--epi ap etidye Pawòl la, ansanm, bannou gwo espwa sa.

3 Bon gen anpil ki kanpe, m ap jis pral depeche m fè pi vit posib. Men mwen kwè w te apresye Prezans Sentepri a, menm jan avè m, nan dènnye moman pase yo /kongregasyon di, "Amèn."-
-Editè a./

4 E, jodi a, gen yon bagay ki te rive ke m pat wè depi lontan. M t ap fè etid sou sa, sou revelasyon sa la, sou ouvèti So yo.

5 Dè zane de sa m te pase atravè Sa isit la, sa fè apeprè ventan, mwen kwè, oswa yon bagay konsa, men pou yon rezon ou yon lòt mwen jis pat janm totalman satisfè. Ta sanble tankou te gen dè bagay, espesyalman nan So sa yo, paske So sa yo se Liv la an antye. Ou konprann? Se Liv la. Liv la okonplè se yon sèl Liv, sele. Li kòmanse...

6 Pa egzanp, si m te gen yon materyèl la, m taka montre w sa m vle di a. /Frè Branham ap montre jan yo vlope epi sele yon woulo, ak fèy papyè--Editè a./ Men yon so la. Sa se youn, e ou woule l konsa, fason yo te woule l. E ou te woule l fason sa. Epi, alafen, gen yon ti pyès adezif sou deyò, tankou sa. Sa se premye so a. Dakò, apre sa, se premye pati liv la. Apre sa, pwochen so a te woule fason sa, jis sou kote l. E yo te woule l fason sa, tankou sa la. E apre sa, alafen, jis la, gen yon lòt adezif sou deyò a. Sa fè de so.

7 Se fason sa ke Bib la okonplè te ekri, sou fòm woulo. /Frè Branham dewoule fèy papye li te itilize kòm egzanp yo--Editè a./ Kifè, la... brize So sa yo, ouvri mistè yo ki nan Liv la.

8 Èske w te etidye nan Jeremi, jan li te ekri sa, anpil lan nou te note l yèswo? Jan so yo te ekri epi mete de kote, pou konsève, jouk li te retounen apre swasant dizan, nan kaptivite. Li te retounen pou al reklame sa k te pou li.

9 Se sèten mwen renmen etidye Sa. Ou paka...Pa gen fason pou dekri Sa totalman, paske Se yon Pawòl Etènèl. E Se yon Liv Etènèl, kidonk nou fè jis souliye gran pwen yo. E jodi a, pandan m t ap medite, mwen te ekri anpil Ekriti pou w kapab etidye L. Epiou...Bann yo va revele plis de Sa, pandan w ap etidye. Gen tèlman anpil bagay!

10 Si m te ka jis kanpe la sou chè a pou revele L pou ou, jan Sa te revele a mwenmenm nan chanm lan, o la la, sa t ap mèveye. Men, lè w vin isit la, ou sou presyon, e ou fè jis jan ap pase vit sou bagay yo, ap eseye jis rive nan pati prensipal la pou moun yo, kapab sezi L.

11 Se sèten mwne apresye chan sa ke Frè Ungren fèk sot chante la; Desann Kite Glwa Li. Si se pat poutèt Li te kite Glwa Li, ki kote nou tout t ap ye aswè a? Kifè nou gen rekonesans Li te desann pou ede nou.

12 Bon, avèk pakèt ki kanpe la yo, n ap jis depeche nou la, meye--meye fason nou kapab. Mwen pa di nou pral kouri, men m vle di nou pral kòmanse pi rapid posib. Bon ann ale kounye a nan, apre...

13 Nou te pran premye, dezyèm, twazyèm ak katryèm chapit la. Epi senkyèm lan yèswo. E aswè a n ap kòmanse ak chapit sis Apokalips la.

14 Bon, pandan n ap etidye chapit sa, n ap refere nou a diferant plas, Ansyen ak Nouvo Testaman, menm jan, paske Liv la an antyese revelasyon Jezikri. Ou wè? Se tout ansanm revelasyon Seyè Jezi a--a, revelasyon Jezikri a. Se Bondye, k ap revele Tèt Li nan Liv la; k ap revele Tèt Li, atravè Kris, nan Liv la. E Kris se revelasyon Bondye. Li vini pou revele Bondye, paske Limenm ak Bondye se te menm lan. "Bondye te nan Kris, pou ap rekonsilye mond lan ak Limenm." Nan lòt langaj, you jis pap janm konnen sa Bondye te ye jiskaske Li revele Tèt Li atravè Kris; alò ou ka wè l.

15 Mwen te konn panse, dè zane de sa, ke petèt Bondye te fache kont mwen, men Kris te renmen m. M te fini pa dekouvri, se menm Moun lan, ou wè. E Kris se kè Bondye menm.

16 E pandan n ap etidye sa la, n ap fè konparezon an kounye a. Twa premye liv nan Bib la, nan Apokalips, sa ke nou te dekòtike konplètman, se aj legliz yo, sèt aj legliz yo--yo. Bon gen

sèt aj legliz yo, Sèt So, Sèt Twonpèt, ak Kalamite, epi--epi espri enpi tankou grenouy, ak tout sa ki ale ansanm yo.

17 O la, se pa tikras renmen m pata renmen gen yon--yon gwo tonton kat, pou ta desine l an gwo plan, fason mwen mwen sa, ou konnen, jis jan yo chak pran plas yo. Mwen te desine l sou yon ti fèy papyè, men mwen...Ou te wè l. Ak tout lòt bagay yo, jiska prezan, tonbe pil. Avèk le tan epi aj yo, pandan y ap vini epi al fè wout yo a, tout bagay antre an amoni jis pafètman kòrèk. Kifè, sa ka pa toutafè kòrèk, men se meyè sa m konnen konsènan sa, nenpòt kijan an. E m konnen, si--si m fè posib mwen, epi m fè yon erè ap eseye fè sa ki mye, meyè fason m konnen, Bondye va padone m sèten poutèt m t ap fè... pou erè a si m ta mal aji.

18 Men, bon, twa premye liv sa yo se premye Sèt Aj Legliz yo. Apre sa nou jwenn, nan katyèm chapit Apokalips la, Jan te anlve. Ou wè? Nou wè legliz yo. La pat gen gran choz ki te di konsènan aj legliz yo. Se la m panse ke moun yo pral pran yon sipriz. Yo--yo--yo plase Legliz jouk nan Tribilasyon, parapò a bagay sa yo ki dwe rive. E jan m te di, dimanch lan, yè: premye bagay ou te aprann, peryòd tribilasyon sa va pwente, e ou va mande tèt ou poukisa pat...Premye vini an se Anlèvman. E sa va rive jan sa te fèt la: li te deja pase e ou pat konn sa. Ou konprann?

19 Bon, la pat gen gran choz ki te pwomèt a Legliz sa, Legliz Moun lòt nasyon yo, Lepouz. Kounye a, m vle gade a lespri, ke gen legliz epi gen Lepouz. Ou konprann?

20 Ou oblije toujou fè sa mache pa twa; kat se fo. Twa! Twa yo, sèt yo, dis yo, douz yo, ak venn kat yo, ak karant yo, ak senkant yo, chif ki pa varye sa yo. Bib la se...e Bondye deplwaye Mesaj Li dapre--dapre nim-...nimerik Bib la, nan chif sa yo. E si w jwenn yon bagay ki deraye kite youn nan chif sa yo, li ta mye pou siveye. Sa pap fini byen, parapò a pwochen bagay la. Ou dwe retounen l la kote ou te kòmanse a.

21 Frè Vayle, Frè Lee Vayle, li--li...m kwè li isi a. Nou t ap pale lòt jou konsènan moun ki ap kite wout la. Se tankou w ap vize yon sib. Si fizi sa balanse pafètman, ou antrene pafètman, e ou byen vize, sa dwe frape sib la; sof si bouch fizi a bouje oubyen deplase, oswa vibrasyon voye l akote, e kèlkeswa...oswa van. Kèlkeswa kote li kòmanse ekate a, gen yon sèl bagay pou w fè, se retounen kote li te kite trajektwa, epi rekòmanse ankò, si l ta gen pou frape sib la. Si l pa fè sa, enben, li jis pap frape sib la.

22 E se konsa lè w ap etidye Lèzekriti, mwen kwè. Si nou jwenn ke nou te kòmanse yon bagay la, e ke sa pat abouti jis. ou konsyan sa pat abouti, ya, nou te fè yon erè kèkpa, ou dwe retounen. Ou pap janm ka anvizaje l ak entèlijans ou. Sa jis pa...

23 Nou fèk sot wè avèk Lèzekriti, ke pat gen pèsonn nan Syèl la, oswa sou tè a, oswa anba tè a, oswa ki te janm egziste, oswa ki pral egziste ki ka fè sa. Se sèlman Ayo a ki ka fè sa. Kifè fason seminè yo, kèlkeswa sa l ye a, se jis anyen. Ou wè? Sa pran Ayo a pou revele L, se tou, kifè nou gen konfyans Li va ede nou.

24 Jan, te anlve, nan katryèm chapit la, pou l te ka wè bagay “ki te la, ki la, e ki gen pou vini.” Men se te fini pou Legliz nan katryèm chapit la. E Kris te fè Legliz monte, anlve monte anwo, pou vin rankontre L, e li pat reparèt ankò jis nan chapit 19 la, kan Li va retounen avèk...kòm Wa dè wa e Seyè dè seyè, avèk Legliz. Kounye a, o, m espere yon jou nou va kapab pase atravè l konplètman, petèt anvan Li vini. Si nou paka fè sa, nou va touche l, kanmenm, kifè pa gen pwoblèm.

25 Bon, nan chapit 5 sa, ouvèti So sa yo, epi kounye a Liv sele ak sèt so a. An premye, nou vle li Premye So a.

26 Yèswa, jis pou revize yon tikras pi plis, nou jwenn ke, kan Jan te gade li te wè Liv sa toujou nan men Pwopriyete orijinal la, Bondye. Ou sonje kijan Li te pèdi? Pa Adan. Li te renonse a Liv Lavi a, pou konesans Satan, e li te pèdi eritaj li, li te pèdi tout bagay; e pat gen mwayen pou redanmsyon. Alò, Bondye sou aparans lòm, te desann pou vin yon Redanmtè pou nou, pou rachte nou.

27 E kounye a nou dekouvri, nan jou pase yo, bagay sa yo ki te mistè yo te gen pou yo louvri pou nou nan dènye jou yo.

28 Bon nou jwenn, tou, nan sa, ke menm kote Jan te tande anons pou Paran Redanmtè a--a avanse pou fè reklamasyon L yo, pat gen pèsonn ki te ka fè l; pèsonn nan Syèl la, pèsonn sou tè a, pèsonn anba tè a. Pèsonn pat menm diy pou gade Liv la. Jis panse a sa. Pèsonn, ditou, diy pou menm gade L.

29 E Jan te kòmanse ap kriye. Li te konn sa, o, pat gen okenn chans pou redanmsyon alò. Tout bagay te echwe.

30 E byen vit nou jwenn ke kriye l la te stope, rapidman, paske youn nan kat Èt vivan yo, ou pito youn nan ansyen yo, te anonse. Youn nan--nan ansyen yo te di: “Piga w kriye, Jan, paske Lyon tribi Jida te pote viktwa,” nan lòt langaj, “te venk, e te konkeri.”

31 Jan, te vire, li te wè yon Ayo ki t ap avanse. Li dwe te kouvri ak san, filange, e blese. Yo te sakrifye L, la...sa te di, “Yon Ayo ke yo te sakrifye.” E, natirèlman, li te ankò kouvri ak san; si w te filange ayo a epi--epi touye l menm fason ak Ayo sa. Yo te taye L an pyès sou kwa, javlo anfonse bò kòt li, klou nan men l ak pye l, e kouwòn epin anwo sousi l. Li te nan kondisyon

tèrib. E Ayo sa te avanse, pou al kote Sila ki te chita sou Twòn lan, ki te kenbe tit pworiyete Redanmsyon an okonplè. E Ayo a te ale epi pran Liv la nan men Sila ki te chita sou Twòn lan, li te pran l, pou ouvri So yo e Li te ouvri Liv la.

32 E alò kan sa te rive, nou te jwenn ke te dwe gen yon--yon gwo bagay ki t ap dewoule nan Syèl la. Paske, ansyen yo, ven ak kat ansyen yo, ak Èt vivan yo, epi--epi tout bagay nan Syèl la, te kòmanse ap rele fò, "Diy!" E men Anj yo ki te vini, pou vide koup priyè sen yo. Sen yo ki anba otèl la te kriye ak tout fòs, "Ou Diy, O Ayo a, poutèt Ou te rachte nou, e kounye a ou fè nou vin dè wa ak prèt, e nou va gouvène sou tè a." O, la la! E se konsa, kan Li te ouvri Liv sa.

33 Ou wè, Liv la an reyalite te planifye epi ekri anvan fondasyon mond lan. Liv sa, Bib la, te vrèman ekri anvan fondasyon mond lan. E Kris, ki te Ayo a, te sakrifye anvan fondasyon mond lan. Epi--epi manm ki konpoze Epouz Li a, non yo te plase nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. Men, Sa te sele, e kounye a Sa te revele; non sa yo ki te anndan la, tout Bagay la nèt, ala yon gwo bagay.

34 E Jan, kan l te wè sa, li--li te di: "Tout sa k nan Syèl la, tout sa k anba tè a..." Tout bagay te tande l ap di: "Amèn, benediksyon, ak lonè!" Li jis vrèman t ap viv yon gran moman. poutèt, "Ayo A te diy."

35 Kounye a Ayo a te kanpe. Bon, aswè a, pandan n ap antre nan chapit 6 sa, Li te gen Liv la nan men L, epi te kòmanse ap revele L.

36 E, o, absoliman m te kapab jodi a...E m espere ke moun yo ase espiyèl. Mwen te kapab fè yon erè tèrib sou Sa si se pat akoz ke, jodi a apeprè vè midi, Sentespri a te vini nan pyès la pou korije m sou yon bagay ke m te ekri pou m di.

37 Mwen te pran L apati de yon ansyen kontèks. Mwen pat gen anyen sou Sa. Mwen pa konn kisa Dezyèm So a ye, pa plis ke anyen. Men mwen te gen yon ansyen kontèks yon bagay ke m te pale sou li sa fè plizyè lane, e m te ekri l. E m te rasanble kontèks sa, kontèks ke Doktè Smith te etabli, anpil gran, anseyan ekstraòdinè ke mwen--mwen te rasanble. E yo tout te kwè sa, kifè mwen te ekri sa. E mwen t ap prepare pou di: "Ebyen, bon m pral etidye L apati de pwèn d vi sa."

38 E la, apeprè a midi pandan jounen an, Sentespri a te jis fofile antre nan pyès la, e tout bagay la te jis louvri pou mwen, e men Ni, ou wè, kifè...sa konsène--sa konsène Premye So sa ki ap louvri. Mwen pozitif menm jan m kanpe aswè a la, ke sa se Levanjil Verite a ke m pral di la. M--m jis konnen se sa.

39 Paske, si yon revelasyon kontrè a Pawòl la, se pa yon Revelasyon. E, ou konnen, gen kèk bagay ki ka absoliman parèt tèlman vrè, e poutan se pa vrè. Ou konprann? Sa sanble se sa, men se pa sa.

40 Bon, nou jwenn, Ayo a avèk Liv la, kounye a. Epi bon nan chapit 6 ou nou li.

Mwen wè kan Ayo a te louvri youn nan so yo, mwen

te tandè, tankou se te bwi yon tonè, e youn nan kat èt vivan yo te di, Vin wè.

E mwen te gade, e men ni yon cheval blan: e sila ki te chita sou li a te gen yon ak; e yo te ba l yon kouwòn: e li te pati al fè konkèt, pou konkeri.

41 Bon, sa se Premye So A, se sa nou pral eseye eksplike, ak gras Bondye, eksplike L aswè a. Menm ak sa ki mye...mwen reyalize ke yon nonm, ki ap eseye eksplike Sa, ap mache sou yon teren danje si w pa konn kisa w ap fè. Ou konprann? Kidonk si l vin a mwen pa revelasyon, m va di w sa. Si m gen jis pou m pran l ak pwòp entèlijans mwen, alò mwen va--mwen va di w sa anvan m pale sou sa. Men, mween jis pozitif menm jan m kanpe aswè a la ke Sa te vin a mwen tou fre, jodi a, soti de Toupwisan an. Mwen pa gen tandans jis di bagay alalejè konsa, kan li kesyon de pati Ekriti sa. Mwen--mwen...

42 M espere ou konnen de kisa m ap pale kounye a, ou wè. Bon, ou konnen, ou paka ki bagay...Si yon bagay sipoze ekspoze la anvan l rive, ou--ou paka di l jiskaske yon bagay ekspoze l la. Ou wè? Èske w ap li? Èske w ap tandè yon bagay? Ou konprann?

43 Bon, Setyèm So a, ak Liv woule a kòmanse ap dewoule pa Ayo a. N ap apwoche nou de plas sa aswè a. Ke Bondye ede nou. Pandan So yo ap brize epi devwale, mistè Liv la ap revele.

44 Bon, ou wè. Se yon Liv ki sele. Bon, nou kwè sa. Se pa vre? /Kongregasyon an di, "Amèn."-
-Editè a./ Nou kwè ke se yon Liv ki sele. Bon, nou pat janm te konn sa anvan, men Se sa. Li sele ak Sèt So. Ke w jwenn, dèyè do Liv la, Liv la sele ak Sèt So.

45 Si nou t ap pale de jan de liv sa, se t ap tankou mete yon riban kwaze sou li, sèt riban. /Frè Branham montre yon liv kòm egzanzp--Editè a./ Men se pat jan de liv sa.

46 Se yon woulo. E apre sa kan yo te defèt woulo a, sa te fè youn; apre sa li te ret ekspoze drèt nan woulo a ou te jwenn nimewo de. E jis la Sa te di kisa Sa te ye, men Se yon mistè. E, poutan, yo te sonde nou ladan L; men sonje, Liv la sele. E Liv la se yon Liv mistè, revelasyon. Se revelasyon Jezikri, ou wè, yon Liv revelasyon. E kounye a ou konnen, plonje desann atravè aj la, lòm te teste epi sonde pou l te rive nan Sa. Nou tout te pase pa la.

47 Epi, ankò, yon fwa, mwen sonje ... Si-si Mesye Bohanon te la a pa aza, oswa-oswa kèk nan moun li yo, M-M pa vle di I pou manke respè. Mesye Bohanon se yon bon jan zanmi, e li te sirentandan Sèvis Piblik la lè m t ap travay la. Lè m 'te fèk sove, M tap pale avè I osijè de lekli sou Liv Apokalips la. Li te di, "M te eseye li bagay sa a," li te di. Epi Mesye Bohanon te yon bon moun, e li-li te yon manm legliz la. Epi-epi M pa konnen pou ki pati li ye, men I te di, "M panse ke Jan te dwe manje piman wouj pou soupe aswè sa a, epi te al dòmi ak vant li plen."

48 Mwen te di I, byenke sa te ka koute m travay mwen, M te di, "Ou pa wont di sa?" Epi mwen te jis yon ti gason. Men M te di, "Ou pa wont di sa sou Pawòl Bondye a?" Ou wè? Men, epi m te jis yon ti moun, pat si jènn pase sa ... petèt vente-yen , venn-de lane; epi travay te ra, m te anba yon depresyon. Men, ankò, te gen yon krent lakay mwen, kan Mwen ... M te encline m, pou tande yon opinyon konsa sou Pawòl Bondye a. Se laverite; tout verite a. Kifè, se pa t menm yon rèv oswa yon kochma; se pat manje Jan te manje.

49 Li te sou zile Patmos la paske I tap eseye met Pawòl Bondye a sou fòm yon liv, e gouvènman Women an te egzile I la. E L te sou zile a, nan jou Seyè a. Apre sa, li te tande yon vwa tankou pakèt dlo dèyè I, e I te vire gade, e I te wè sèt gwo chandelye annò. Epi Pitit Bondye a te kanpe, nan mitan yo, kounye a.

50 Epi, alòs, Liv la se yon revelasyon. Konsa, yon revelasyon se yon bagay ki fè w konnen yon bagay, yon bagay ki te revele. Epi, koulye a, remake, konsa ou pa pral bliye I, li " te fèmen jouk pou pita." Ou wè? Se tout mistè ki anba "fèmen jouk pou pita." Nou jwenn sa nan ekriti a la a.

51 Koulye a, mistè Liv la te revele lè So yo te brize. Men, lè So yo konplètman brize, tan redamsyon an fini; paske Ayo a te kite Syèj entèsesyon an, pou I te avanse pran posesyon I yo. Li te yon medyatè, antretan. Men lè vrè revelasyon an te bay sou So yo, pandan ke yo kòmanse brize, Ayo a tap sòti kite Tanp lan. Se dapre Pawòl la. Nou te li I yè swa. Li soti nan ... nan mitan, li te pran Liv la, konsa Li pa Medyatè ankò. Paske, menm si yo te rele I yon lyon, epi se—se Wa a, epi li pa yon medyatè lè sa.

52 Menm si aktè So sa yo kòmanse nan premye aj legliz la. Koulye a, sonje, se konsa ou-ou pral gen kontèks la konplètman, si nou kapab, oswa konplètman jan I posib. "Aktè yo," M pral mete I konsa paske yon aktè se yon nonm ki chanje mask li. Ou wè?

53 Epi nan senaryo sa a, aswè a, nou pral wè ke se Satan kap chanje mask li. Epi, tout, aktè yo.

54 Kris, ap jwe wòl ke L te geyen an, lè l te pase de yon Espri a yon nonm, Li sèlman mete yon kostim aktè, kò imen, epi te desann nan fòm yon Nonm, pou l te ka yon Paran Redanmtè.

55 Bon — kounye a, ou wè, se sèlman sou fòm yon aktè. Se rezon sa a yo tout an parabòl ak sy - ... ak jan yo ye isit la, tankou bèt, ak zannimo, elatriye. Se nan yon Teyat. Epi aktè sa yo kòmanse nan premye aj legliz la, paske se Kris ki tap revele Tèt Li a sèt aj legliz yo. Koulye a, ou konprann li? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Se byen. Ou wè? Kris kap revele tèt li a sèt laj legliz yo.

56 Apre sa, atravè laj legliz sa yo, gen yon gwo dezòd ki rive. Alòs, nan fen laj legliz la, Mesaj setyèm anj lan se ranmase mistè sa yo ki te pèdi epi bay yo a Legliz la. Ou wè? Koulye a nou pral remake sa.

57 Men yo pat revele lè sa a nan vrè eta yo. Koulye a, nan tan bibliki yo, mistè yo te la, e yo te wè bagay sa yo rive fason Jan te wè l la. Ebyen li te di, "Men yon kavalye sou yon chwal blan." Men, kisa mistè a ye, gen yon mistè ki ale ak kavalye sa a. Bon, kisa l te ye, yo pa t konnen, men li te dwe revele. Men l te dwe revele apre ke Ayo a kite Twòn Papa a, nan entèsesyon l kòm Paran Redanmtè.

58 Mwen pral lage yon ti bagay la. Koulye a, si nenpòt moun gen bann sa yo ... Nenpòt moun ka di tout sa l vle. Li gen dwa kèlkeswa konviksyon l. Men si ... Ou konnen, si yon pastè pa vle sa a nan mitan pèp li, alòs di yo pa pran l. Men mwen-mwen ... Sa a se pami moun ke yo te voye m pale ak yo a, Se poutèt sa M dwe revele sa k verite a. Ou wè?

59 Kounye a, Ayo a, nan tan entèsesyon an bò isit la, li te konnen ke te gen non ki te enskri la a depi nan fondasyon mond lan. Epi osi lontan ke non yo potko janm manifeste sou tè a, Li te oblije rete la kòm entèsesè. Ou sezi l? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Pafètman, predestinasyon! Ou wè? Se byen. Li te dwe rete la, paske l te vin mouri pou moun Bondye te destine a lavi etènèl la. Ou wè? Ou wè? Ak prekonèsans li, Li te wè yo. Pa ak pwòp volonte l; Volonte l se te okenn pa ta dwe peri. Men, ak pre-konèsans li, Li te konnen ki moun ki tap vle ak ki moun ki pa tap vle. Se poutèt sa, osi lontan ke te gen yon non pa t —ko janm klari-deklare sou tè a, Kris te rete la kòm yon entèsesè, pou l okipe l de non sa a.

60 Men, osito ke dènye non sa a te pwojete nan Klorox oswa detèjan sa a, alòs jou entèsesyon l yo te fini. "Kite sa ki souye yo toujou rete souye. Ke sa ki sen yo toujou rete sen." Ou wè? Epi, li kite Tanp lan e apre li vin tounen yon Syèj Jijman. Malè sila yo ki twouve yo andeyò Kris lè sa a!

61 Koulye a remake, men Li dwe revele lè Ayo a kite Syèj entèsesyon l lan bò kot Papa l. Kounye a, sa a se Apokalips 5. Bon, li pran Liv So yo, Liv So yo, oswa yon Liv ki sele ak So

yo, brize yo epi montre yo. Gade. Nan fen laj la kounye a, apre entèsesyon an te fini, laj legliz te gen tan fin pase.

62 Li antre, nan premye laj, nan premye aj la; Aj Efèz la, revele l, voye mesaje a.

63 Remake sa k ap pase, pandan ke na p vanse. Men sa plan an ye. Premye bagay k ap pase, gen yon - yon - yon anons nan syèl la, an premye. Sak pase? Yon So louvri. Kisa sa ye? Yon mistè te deplwaye. Ou wè? Men, lè yon mistè deplwaye, answit, yon twonpèt sonnen . Li deklare yon gè. Yon plè tonbe, epi yon laj legliz louvri. Ou wè?

64 Kisa pati "gè" a ye? Anj Legliz la sezi mistè Bondye a, ki pot ko konplètman revele. Men, lè l fè sa, li sezi mistè Bondye a, apre sa, l al kot pèp la apre ke l te fin resevwa mistè sa a. Al kot pèp la! Kisa lal fè la a? Li kòmanse pwoklame mesaj sa a. Epi kisa sa kòmanse? Yon gè, yon gè espirityèl.

65 E answit, Bondye pran mesaje l la, avèk moun ki eli nan aj sa a, li mete yo a kote, ap dòmi. Epi apre, li voyè yon plè sou moun ki te rejte l yo; yon jijman tanporè.

66 Kidonk apre ke sa te fin pase, epi l kontinye avanse, e yo vin denominasyon, epi antre nan denominasyon, yo kòmanse ak zèv lòm sa yo, tankou Wesley ak tout rès nan yo a. Epi answit tou sa vin tonbe nan yon kafouyaj ankò.

67 Apre sa, yon lòt mistè vin parèt. Epi kisa k te pase? Yon lòt mesaje rive sou tè a, pou yon laj legliz. Ou wè? Epi, lè li rive, li - twonpèt la sonnen. Li deklare lagè. Ou wè? Answit, kisa k ap pase? Kifè, finalman, li te anlve. Kidonk, lè yo mete l a kote. Apre sa plè tonbe, detwi yo. Lanmò espirityèl frape legliz la, epi l te fini, gwoup sa a. Apre sa li kontinye ak yon lòt. Oh, se yon plan ekstraòdinè!

68 Jiskaskè, li rive sou dènye anj lan. Koulye a, li pa gen yon mistè kèlkonk. Men, li rasanble tout sa ki te pèdi nan lòt laj, tout Verite yo ki po t ko reyèlman revele, ou wè, tandiske revelasyon ap vini, alòs, li revele bagay sa yo nan jou l yo. Si w vle li l, men li. Apokalips 10, 1 a ... 1 a environ 4, ou jwenn li. Se byen. Ou wè? "Pran Liv la epi, So yo, e brize yo," epi montre setyèm anj lan; pou sa sèlman, mistè Bondye yo, se ministè setyèm anj lan. Ebyen, nou fèk sot pase atravè laj legliz yo, ak istwa kanmenm, pou te pwouve sa. Ou wè? Li se — anj Mesaje, setyèm legliz la, dakò, li revele tout mistè ki te nan tan pase yo, tout bagay pase yo. Apokalips 10: 1-7, sa dwe sa. Koulye a, sonje, "Nan jou setyèm anj lan, l ap sonnen, klewonnen twonpèt Levanjil la, li gen pou l fini ak tout mistè Bondye yo."

69 Jis fason, li rive la a nan kòmansman aj legliz yo. Nou pral jwenn li, apre yon ti tan, yon doktrin. Epi, answit, li vin yon dizon, an premye; apre yon doktrin; epi apre sa vin yon lwa; answit vin yon legliz, e pase pa laj tenèb la.

70 Kidonk apati de laj tenèb yo premye refòm la vini, Luther. Apre sa, li te memnen, avè l, tout kalite bagay misterye ki te pase pandan laj legliz sa a, tout sak te la lè sa a, men l pat janm resi fini l.

71 Apre sa Wesley parèt, ak sanktifikasyon, li te gen yon ti kras an plis. Toujou, li pat janm fini l; pwen fèb toupatou, tankou aspèje olye de batèm. Epi Luther te pran “Pè, Fis, Sentespri” olye de “Seyè Jezi.” Tout sòt de bagay sa yo!

72 Apre sa laj panntkotis la vini, ak batèm Sentespri a, epi yo te chite sou sa. Apre, pap ka gen okenn laj ankò. Se te fini pou li. Se Filadèlfi ... oswa, kounye a, Laj Lawodise a. Men Apre sa ...

73 Nou te jwenn, nan etid sou ekriti a, ke mesaje a laj la vin nan fen laj la, tout tan. Pòl vini nan fen laj la. Nou jwenn ke Irene rive nan fen laj la. Martin, nan fen laj la. Luther, nan fen laj Katolik. Epi (se kisa?) Wesley nan fen laj Literyen. E Lapannkòt nan fen laj sanktifikasyon, pou batèm Sentespri a.

74 Epi nan fen epòk pantkotist la, nou sipoze resevwa, dapre Pawòl la, jan Bondye ede m aswè a pou montre w, isit la, ke nou dwe wè, resevwa yon mesaje ki pral pran tout dènye detay yo epi revele tout sekre Bondye a, pou anlèvman Legliz la.

75 Epi apre sa ap gen sèt tonè misterye yo kap vini ki pa menm ekri ditou. Se vre. Epi m kwè ke, atravè Sèt Tonè sa yo, yo pral revele nan dènye jou yo pou ka reyini Lepouz la ansanm pou gen Lafwa pou anlèvman an. Paske, sa nou gen kounye a la a, nou-nou pap kab fè l. Gen yon bagay. Nou dwe al pi lwen. Nou menm, nou apèn gen ase fwa pou gerizon divin, difisilman. Nou ta dwe gen ase fwa pou n chanje, nan yon moman, epi pati kite tè sa a byen vit. Epi nou pral jwenn ke, apre yon ti moman, si Seyè a vle, jwenn ki kote l ekri.

76 Answit, tout jijman malfektè sa yo! Koulye a, gade, toutolon laj yo So sa yo, tap brize, jouk dènye So a te brize kounye a. Epi koulye a pandan yo— yo pandan yo tap gade So sa yo e jis prezime, ap prezime kisa yo ta pral fè. Kounye a, nan fen aj yo, laj legliz yo, tout malfektè yo ap prepare yo pou al nan tribilasyon an; tout malfektè Sèt So yo, ki tap aji misteryezman nan legliz la.

77 Epi nou pral konn sa, nan yon minit, li menm te travay nan non yon legliz. Yo rele tèt yo, "Legliz." Epi w jis wè sa pa bon. Se pa etonan m te tèlman kont denominasyon, san m pat konn poukisa. Ou wè? Ou wè?

78 Yo fini. Koulye a, li repati la a sou yon fòm pi inosan, jis ap prale de pi mal an pi mal, ap degrengole jouk ... Epi moun fè ke lage yo ladann, ap di, li di, "O, wi, se jis kòrèk." Men nan dènnye jou yo, yo te fin pa dekouvri bagay sa yo. konnen bagay sa yo. Apre, sa te finalman ale tèlman mal jiskaske yo te dirije yo dwat nan peryòd tribilasyon an.

79 Epi ki jan yon moun ka di ke Lepouz Kris la prale nan tribilasyon an? M pa ka konprann li. Ou wè? Li te mennen l lwen tribilasyon an. Si-si Legliz la te jije, epi yo te jije yomenm epi yo te aksepte san an, kouman Bondye ka jije yon nonm ki parfètman, totalman san peche? Ou di, "Pa gen yon moun konsa."

80 Chak kwayan ki ne denouvo, vrè kwayan, li pafètman, absoliman san peche devan Bondye. Li pa met konfyans li nan zèv li yo; se nan san Jezi, ke konfesyon l te depoze. Bib la di sa. Ou wè? "Moun ki vin de Bondye pa komèt peche, paske l pa ka peche." Ki jan w ka fè yon pechè lè klowòks san Jezikri a twouve l ant li menm e Bondye? Sa ta gaye peche jiskaske pa gen anyen ki ret nan li. Ou wè? Kijan san pur Kris la ta ka janm kite yon peche pase la a? Li pa kapab.

81 Jezi te di, "Se poutèt sa, ou dwe pafè, menm jan Papa w ki nan syèl la pafè." Epi ki jan nou ta ka menm kòmanse panse poun vin pafè? Men Jezi mande sa. Men si Jezi te mande sa, Li dwe te fè yon fason pou sa. E li genyen l; se Pwòp san l!

82 Koulye a, tout, revele tout mistè ki te pase nan tan lontan an. Koulye a, panse a sa, nan fen tan an la a, ke mistè yo ki kòmanse fason depi lontan byen lontan deja epi kontinye atravè laj legliz yo, te dwe revele isit la ak So yo kap brize a, la a nan dènnye jou yo, apre ke tan entèsesyon an te sou pwen fini, nan moman sa a.

83 Kidonk, jijman yo rete tann pou sila ki ret dèyè yo. Yo kontinye ladann. Sa se apre Epouz la te fin kite sèn lan.

84 O, ann jis li yon Ekriti. Nou tout renmen note kèk ekri sa yo? Ann pran Dezyèm Tesalonisyen, jis yon moman, epi gade la a jis yon minit. Se-se yon si bèl imaj la a! M renmen sa. Epi ann wè. Wi, Dezyèm Tesalonisyen. Apre sa m vle 2yèm chapit nan Dezyèm Tesalonisyen an, ak— 7yèm vèsè. Ann gade. Dezyèm Tesalonisyen 2: 7. M kwè ke se sa, kounye a. Mwen tap note sa, ap fremi e tranble. ... mistè inikite a deja ap travay: sèlman sila ki ... retni l la va kite, jiskaske yo wete l nan chemen an.

85 Kilès? "Moun ki retni l la ." Ou wè? Ou wè, yon mistè, "mistè inikite a," lontan sa nan tou premye aj legliz la. Men sa Pòl ekri, li di ke, "mistè inikite a." Ki sa ki inikite? Inikite, se yon bagay ke w konnen ou pa dwe fè, epi w fè l kanmenm. Epi, Pòl te di tèlman gen sa sou tè a jodi a, travayè inikite. Oh, si w ... Nou pral rive sou ... Ann jis li pati sa a, jis yon minit. Kòmanse yon ti kras pi lwen, 3yèm vèsè a. Pa kite pèsonn twonpe nou pou okenn rezon: paske jou sa a pap vini, sof si gen moun ki tonbe anvan, epi (n-o-n-m) pechè sa a a ap revele, fis pèdisyon an; (se sa) Ki an opozisyon e ki ap egzalte tèt li pi wo ke tout sa yo rele Bondye, oswa ke yo adore; konsa li menm kwè l se Bondye chita nan tanp Bondye a, montre ke limenm se Bondye, ap padonnen peche. Pa bliye, ke, lè M te ankò avèk nou, M te di nou bagay sa yo.

86 Mwen ta renmen fon on chita sou kèk nan ansèyman l yo. Ou pa ta vle sa? Epi koulye a ou konnen ki sa ki anpeche ke l ta revele nan tan l.

87 Se pa lè sa a, ou wè, se pa lè sa a; men, "nan tan l," ou wè, nan ouvèti So sa a. Nou ta konnen egzakteman ki sa l te ye. Kilès ki nonm inikite sa a? Kilès ki nonm peche sa a, kanmarad sa a ki se yon travayè inikite? "Men, li dwe revele nan tan l." Paske mistè inikite ap travay deja (sediktè yo, ou wè, ap twonpe moun yo pou antre nan yon bagay, ou wè): sèlman Limen (Bondye) ki retni l la, jouk limenm (Legliz Kris la, Epouz la) anlve sot sou chemin an. E answit, sa ki mechan an pral revele tèt li, ...

88 Nan ouvèti so a, "nan tan l." Pòl te di, "Pa nan tan m nan, men nan tan lè l pral revele." Ou wè? ... ke Senyè a pral devore ak lespri nan bouch li, ...

89 Nou pral rive sou sa nan yon ti moman, "Lespri nan bouch li." Siveye kisa sa ye. ... epi yo pral detwi ak klate vini l lan: Menm li menm, kise sila kap vin apre travay Satan an ...

90 Limenm, "limenm", yon nonm ke zèv li se selon zèv Satan. ... avèk tout pouvwa ak siy ak mèvèy nan manti yo, Epi tout sediksyon nan enjistis, twonpe moun pa enjistis, nan moun k ap peri yo (pa Epouz sa a), nan sa yo kap chèche yon bagay konsa; paske yo pat resevwa lanmou verite a, ...

91 Epi Kris se verite a, e Kris se Pawòl la; men yo te pito gen yon kredo. Huh! Ou wè?

... pou yo te ka sove.

Epi pou rezon sa a, Bondye te voye gwo egareman sou yo pou yo ka kwè nan manti:

92 Li ta dwe tradwi la a, jan m ap gade nan leksik la, "manti a," pa "yon manti." "Manti a," menm sa l te di Èv la.

Ke yo ... ta dwe kondane sa k pa kwè verite a, men ki te pran plezi nan enjistis.

93 Ala yon deklarasyon! Oh lala! Apre ke Epouz la fin anlve, answit, nonm peche sa a pral revele tèt li.

94 Limenm, vrè Epouz Kris la, te eli nan chak aj legliz yo.

95 Koulye a, lòt jou a M te fè yon deklarasyon, "Epouz la a te kab al lakay epi w pa janm menm okouran de sa." Se vre.

96 Yon moun te di, "Ebyen, Frè Branham, Sa ta ka yon ti gwoup vanyan."

97 Jezi te di, "Menm jan sa te ye nan jou Noye yo," kounye a wap pale ak li sou sa, ou wè, "kote uit nanm te sove pa dlo, konsa li pral ye nan vini Fis De Lòm nan." Si uisan ta pati nan anlèyman aswè a, ou pa tap janm tandè yon mo sou sa demen, oswa jou apre a, oswa nan okenn lòt lè. Yo ta prale epi w pa tap konn anyen de sa. Ou wè, li jis tap menm bagay la.

98 Kisa m ap eseye di? Mwen pap eseye fè w pè, ap enkyete w. M-m vle pou dwe sou zòtèy ou yo. Pare, ap siveye, chak minit. Kite istwa san sans ou yo. Jis mele w de biznis ak Bondye, 'paske li pita ke w panse.

Koulye a, oumenm raple w, vrè Epouz la!

99 Bon, gen yon fo Epouz. Nou jwenn sa nan Apokalips 17. Li te di, "Mwen se yon vèv, epi m pa bezwen anyen," ou wè, li chita sou bèt koulè wouj ekalat la, elatriye, ou pito bèt la.

100 Kounye a, men vrè Lamarye a pral konpoze ak dè milye fwa dè milye de moun, men se li ki pral chwazi yo nan chak laj legliz la. Chak fwa yon mesaj te parèt, epi pèp la te kwè l epi yo te aksepte l nan tout limyè l te ye a, lè sa ayo a te sele yo jouk Jou Redanmsyon an.

101 Èske Jezi pat anseye menm bagay la, lè l te di, "son an vini nan - setyèm vèy la"? Se dènye aj legliz la. Ou wè? Li di: "Men ni, Epou a vini; soti al rankontre l."

102 Epi vyèj andòmi an vini, fwote je l, e l di, " Sipoze ke M ta dwe gen enpe nan lwil sa a, tou, konsa petèt ou ta fè mye al chèche."

103 Epi, vrè Epouz reyèl la ki te kanpe la, te di, "Nou jis gen ase pou noumenm. Uh-huh. Nou jis te gen ase pou n antre, noumenm. Nou paka ba w anyen. Si ou vle enpe, al priye. "

104 Epi pandan ke l te ale, Epou a vini, epi l te ale ak Epouz la. apre sa, rès sa yo la a, sila yo ki te vrèman pye, legliz la, yo te kite yo deyò. E L te di : -Pral gen rele, kriye, epi grensman dan.

105 Gade, kounye a, sa a se moun ki eli yo. Epi lè son an te bay, "Epou a vini," Lè sa a, chak moun ki te dòmi nan aj sa yo, te leve, chak moun. Ou wè, li pa Yon Bondye, jan nou ta panse l la, jis al lachas dèye kèk milye moun nan aj sa a epi pran l. Se sa ki eli a menm nan chak aj. E se pou rezon sa a ki fè Kris gen pou l rete sou chèz medyatè a tounen bò la a, kòm yon entèsesè, jiskaske dènye a antre nan dènye aj la. Epi revelasyon sa yo alòs, de sa l te ye, louvri bay pèp la, epi yo wè sa k te pase. Ou we? Ou konprann li kounye a? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Byen.

106 Remake, "rès moun ki mouri yo," manm legliz yo, "pa t viv ankò jiskaske mil ane te pase." Manm legliz yo, kretyen yo, legliz la, pa t viv ankò jouk nan fen mil ane yo. Epi apre yo vin kanpe devan Epouz la, se vre, kanpe devan wa a ak larenn lan. Glwa!

Gen legliz jodi a ki rele tèt li, "Rèn Syèl la."

107 Rèn syèl la se Epouz chwazi Kris la, epi li vin avèk li. Danyèl te wè l, e l te di: "Dè milye fwa dè dizèn de milye tap sèvi l'." Koulye a, si w pral siveye ekriti a la a, nan Danyèl, "jijman an te fikse, e liv yo te louvri." Koulye a sonje, lè l vini, li vini ak Epouz li. Madanm nan ap sèvi mari l. "Epi di mil fwa di mil de milye tap sèvi l. Jijman te fikse, e liv yo te louvri. " "Epi yon lòt liv te louvri, ki se liv Lavi a," pa Epouz la, ditou. Li te monte epi retounen, e l te kanpe la nan jijman jenerasyon sa yo ki te refize mesaj levanjil la.

108 Eske Jezi pa t 'di sa? "Larèn Sid la pral leve avèk jenerasyon sa a nan jou l yo, nan Jijman an, epi l ap kondane jenerasyon sa a; paske li te soti nan pati ki pi ekstrèm nan mond lan, pou tandè sajès Salomon an, epi yon pi gran pase Salomon isit la. " Se la jijman an, larèn peyi —Saba a, nan sid la, te kanpe la nan jijman an, ak pwòp temwayaj li.

109 Menm yon jwif pa t vini ak jenerasyon sa a ki te jwif yo. E Yo te avèg, yo te manke l. Paske, yo tap chèche l, men l te vin tèlman senp ke sa te pase anlè tèt yo, tankou sa a.

110 Epi, la a, gran larèn sa a te imilye tèt li, epi li vin aksepte mesaj la. "Epi li pral kanpe nan Jijman an," Li te di, "kondane jenerasyon sa a."

111 Koulye a, ou wè twa kategori yo, toujou. Liv la, moun ki mouri yo te jije; yon lòt liv, liv Lavi a, moun ki te gen non yo nan liv Lavi a.

112 Yo di, "Si non w nan liv Lavi a, se trè byen, en?" Non, mesye!

113 Gade, Jida Iskaryòt te gen non l nan liv Lavi a. Koulye a ou di se erè? Jezi, nan Matye 10, Li te ba yo pouvwa pou chase move lespri yo, epi li te voye yo ale pou geri malad yo, pou netwaye moun ki gen lèp yo, pou resisite moun ki mouri yo. Apre sa, yo te ale, e yo retounen,

Jida te avèk yo. Epi Yo te chase move lespri yo, yo fè tout kalite mirak. Epi yo te retounen, yo te di: "Menm move lespri yo te soumèt devan nou."

114 Jezi te di: Pa rejwi w pou move lespri yo ki soumèt devan w, men rejwi w paske non w ekri nan syèl la. E Jida te avèk yo. Men kisa k te pase? Lè l te rive pou gwoup ki eli a, pou ale anwo a la a nan Lapannkòt e reyèlman resevwa Sentespri a, Jida te montre koulè l 'yo. Li pral la nan Jijman an.

115 Konsa, liv yo te louvri; epi yon liv, liv Lavi a, te louvri; e chak moun te jije konsa. Koulye a, Epouz la kanpe la avèk Kris, pou jije mond lan. Li pa ... Paul di, "ki dwa w," pou ta pale ak Epouz la, "Ou gen nenpòt ki jan de mekontantman youn ak lòt, e w ale nan lalwa enjis la. Èske nou pa konnen sen yo pral jije tè a? " Ou wè? Se la a nou ye. Sen yo pral jije tè a epi reye sou li. Se sa.

116 Ou di, "Kouman fè ke se yon ti gwoup konsa nan mond lan?" Mwen pa konnen ki jan l pral fèt. Men, Li te di ke l pral fèt, konsa sa jis rezoud kesyon an, dapre pi lwen ke m konnen.

117 Koulye a, gade. Koulye a, remake. "Rès moun ki mouri yo", manm legliz yo, manm legliz ki mouri yo, "pa t 'viv ankò jouk mil ane yo." E apre nan mil ane yo, yo te rasanble; yon lòt rezirèksyon vini, ki se dezyèm rezirèksyon an, epi yo te rasanble. Epi Kris ak Legliz Epouz la, pa legliz la; Epouz la, Kris ak Rèn nan, pa legliz la. Leg- ... Kris ak Epouz la te kanpe la a.

118 Epi yo te separe, tankou mouton yo de bouk kabrit yo. Se sa. La a manm legliz yo monte. E si yo te tandè verite a epi rejte verite a, Alòs, kisa ki pral di lè gwo bagay la va gaye sou ekran an, lè menm pwòp panse ou yo pral la a, ki sa ou te panse de li? Ki jan ou pral chape anba li, epi li jis la a sou ekran an nan syèl la, epi gwo televizyon Bondye a la. Se pwòp panse w kap rejenbe. Se pwòp panse w yo kap pale kont ou nan lè sa a.

119 Konsa, si w pale de yon bagay, epi w panse yon lòt, ou ta fè mye sispann sa. Gen panse w sou Bondye. Kenbe yo pi, epi rete la menm avèk li, epi di menm bagay la tout tan. Ou wè? Pa di, "Ebyen, m pral di ke m pral kwè l, men m pral chèche konnen." Ou kwè li! Amèn.

120 Remake, tip sa yo, rezon ki fè yo te mouri, yo te pase pa pirifikasyon eprèv nan tribilasyon an se paske yo pat anba san an anreyalite. Yo te deklare sa, men se pat sa. Kouman yo te ka travèse eprèv, pou pirifye yo, lè gen (klowòks) san Jezi Kris la ki elwaye tout sentòm peche ak lòt bagay lwen ou? "Epi ou deja mouri, e vi w kache nan li, atravè Bondye, epi sele anndan pa Sentespri a." De kisa ou pral jije a? Ki kote ou pral jwenn pirifikasyon w? De kisa ou dwe pirifye la, lè w pafètman nan Kris, san peche? Kouman ... Poukisa jijman an? Men se pakèt sa kap dòmi yo, moun sa yo pa ka rive.

121 Kounye a, yo pat fè sa depi plizyè ane, ou wè, men se lè revelasyon, ou wè, ou wè, yo te revele jis nan vini Epouz la; dènye rasanbleman an, dènye bagay yo ap vini. Sa rive nan fen an, zanmi, mwen kwè. Kilè? M pa konnen. M-m pa ka di w. Men, nenpòt bagay la ... Mwen vle viv aswè a tankou se te aswè a, mwen ta dwe pare. Ou wè? Li ka vin aswè a, ankò, e l ka pa vini nan ven tan. M pa konn ki lè l pral vini. Men nenpòt ki lè a, ... Epi lavi m ta ka fini, aswè a; epi, lè sa a, tou sa mwen te fè isit la, li fini nan lè sa a. M-m te al rankontre l 'nan jijman an, fason m rive isit la. "Kote pyebwa a panche a, se la l tonbe."

122 Sonje byen, lè yo te al achte lwil la, yo ... "O," ou di, "kounye a tann yon minit, Frè Branham. M pa konn de ki prevyen. " Lè yo te al achte lwil la, lè yo tounen, Epouz la te ale epi pòt la te fèmen. Epi yo te frape, e yo te di, "kite n antre! Kite n antre! " [Frè Branham frape sou lestrad la plizyè fwa - Ed.] Men, yo te rete deyò a nan fènwa.

123 Koulye a, si w vle yon tip kategori sa, kounye a gade." Nan tan Noye a," Jezi te di, te refere a li. Koulye a, nan tan Noye, yo antre nan lach la. Men, yo te transpòte ... pandan tan jijman an, men sa-sa pa t yon tip Lepouz Kris la.

124 Enòk te yon tip Lepouz la. Enòk! Noye te travèse, atravè Lepouz la ... te travèse, pandan peryòd tribilasyon an, li te souffri, li te vin yon bivè, epi l te mouri. Men, Enòk te mache devan Bondye, pandan senk san zan, e l te gen yon temwayaj, "li te fè Bondye plezi," ak lafwa pou lanlèvman; e jis te kòmanse mache soti tou dwat, li monte nan syèl la, li te al lakay li san l pa menm goute lanmò; pa janm mouri, ditou.

125 Sa se yon tip de, "Nou menm ki vivan e ki rete yo, nou pa pral devanse, oswa anpeche, menm tip moun sa yo k ap dòmi yo," tonbe dòmi sa a akòz laj imen, nan - nan eta laj imen. Yo te mouri la ba a, men yo pa mouri. Yo ap dòmi. Amèn. Yo ap dòmi, yo pa mouri. Sèl bagay yo bezwen se Epou a pou reveye yo. Wi. "Epi nou menm ki vivan e ki rete yo, nou p ap anpeche moun ki deja nan dòmi yo. Paske twonpèt Bondye a pral sonnen, e moun ki mouri nan Kris yo pral leve anvan; answit nou menm ki vivan e ki rete yo, nou pral anlve ansanm avèk yo, epi n pral rankontre Seyè a an lè a. "

126 "Epi rès moun ki mouri yo pa t viv pandan mil an." Men gade, yo te ale nan peryòd tribilasyon an.

127 Kisa l te ye? Tankou Enòk. Ou konnen, Noye tap veye Enòk. Paske, lè Enòk te vin disparèt, li te konnen jijman te rive. Li te dwe rete ozalantou ach la.

128 Men Noye pat monte. Li jis te souleve yon tikras, li simonte tribilasyon yo. Li te transpòte nan peryòd tribilasyon an, pou mouri de lanmò a. Ou wè? Men Noye te transpòte atravè l.

129 Enòk te anlve, san I pat mouri, yon tip Legliz la ki te anlve avèk sila yo ki te nan dòmi, pou rankontre Seyè a an lè a, epi rès legliz la te transpòte nan peryòd tribilasyon an. M paka fè anyen lòt ak sa, mwen menm. Enòk, te anlve, san lanmò.

130 Bon ann kòmanse etidye yon ti kras kounye a, ann al nan leson n lan. M jis rete sou sa, nou pap janm antre nan sa yo, So sa a. Koulye a, remake. Ann pran kounye a, paske nou pral gen, avèk sa, petèt demen swa oswa pwochen sware a, touche yon twonpèt, de tanzantan, paske twonpèt la sonnen an menm tan ak So yo. Se jis menm bagay la. Aj legliz la louvri, ... jis menm bagay la. Ou wè?

131 Koulye a, yon twonpèt toujou vle di lagè oswa, otreman, twoub politik, twonpèt la fè, yon twoub politik, epi ki lakòz lagè. Lè w ale antre nan dezòd politik, pou jwenn tout bagay tèt anba, tankou n gen bò isit la koulye a gen, gade byen, gè a rive la a. Men, ou wè, wayòm nan toujou se pou Satan. Li te toujou gen pati sa a nan men I.

132 Akoz de kisa? Kris te rachte I, men I ap jwe wòl Paran Redanmtè a, I ap pran sijè I yo, jouk dènye (non) an enskri nan Liv sa a, te deja resevwa I epi I te sele I. Koulye a, ou te genyen I? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.]

133 Kidonk li soti de Twon li, Twon Papa I, li avanse, li pran liv la nan men Bondye, kite Twon lan, e reklame dwa li. Premye bagay li fè se rele Epouz li. Amèn! Apre kisa I pran? Li pran advèsè I la, Satan, li mare I, epi jete I nan dife a deyò, ak tout sa k te swiv li.

134 Kounye a, sonje, se pa Larisi. Non. Antikris la se yon kamarad ki maleyab. Jis gade ki jan li maleyab. Li entelijan, kounye a. Wi mesye. Jis pran Sentespri a; sèl bagay ki ka stabilize I.

135 Remake, twonpèt vle di latwoublay politik, lagè. Matye 24, Jezi te pale de sa. Li te di, "Ou pral tande lagè ak rimè kap kouri sou lagè, ou wè, toutolon." Ou sonje ... Jezi te pale de sa, "Lagè, rimè kap kouri ak lagè, e rimè kap kouri ak lagè, e ki pral kondwi nou nan fen an." Koulye a, sa a se son twonpèt yo.

136 Kounye a, lè nou rive sou twonpèt yo, n ap retounen la epi n ap pran chak gè yo, n ap montre w ke yo te swiv legliz yo, montre w yo swiv So sa yo. "Lagè ak rimè kap kouri nan lagè." Men, twonpèt, vle di twoub politik.

137 Tandiske, So yo fè fas ak twoub relijye a. Ou wè? Yon So louvri, yon Mesaj tonbe. Apre sa, legliz la toujou tèlmam byen etabli nan pwòp fason politik li yo, ak nenpòt an plis la, ak tout diyite li yo. Men, lè vrè mesaj la tonbe, mesaje sa a soti epi li souke yo an miyèt moso. Se sa. Se twoub relijye lè yon So louvri. Se sak pase. wi. Wi.

138 Yo tout te alèz sou mòn Siyon an. Legliz la vin tout etabli, ak, "Nou te fè tout bagay trè byen." Jis tankou legliz Angletè a, yo te byen etabli. Legliz Katolik la, tout etabli, e Luther vin parèt. Te gen yon twoub relijye. Wi mesye! te genyen l sèten! Bon, legliz la te retwograde ak Zwingli. E soti nan Zwingli, ap pouswiv ak diferan lòt, epi rive sou Calvin. Epi apre yon ti tan, legliz Anglikan la te etabli, e li te jis alèz, epi Wesley rive. Te gen yon twoub relijye. Se vre. Ou wè, sa toujou vle di yon twoub relijye.

139 Kounye a, So a. Ann jis li Li yon ti kras kounye a. M vle-sezi sa a, nou pral jis li Li. M dwe pale. M...

Aprè sa, m te wè lè Ayo a louvri youn nan So yo, (kisa ki te pase?) Epi m te tandè, kòm si se te bri yon Tonè, ...

140 O, ala m ta renmen rete sou sa jis kèk minit! Epi m espere kounye a ke tout moun ki konn bagay sa yo e ki ap tann pou konsolasyon Seyè a, pral etidye reyèlman fò kounye a; epi sou bann yo, tou, ke w pral panse a sa.

141 Premye bagay ki te pase, lè Ayo a te brize Premye So a, yon Tonè te gwonde. Koulye a, sa a te gen yon siyifikasyon. Li te gen ... se enpòtan. Li te gen yon siyifikasyon. Se yon siyifikasyon. Pa gen anyen k pase san yon siyifikasyon. Se sa, yon Tonè gwonde, yon Tonè gwonde. M Mande m kisa Tonè sa a te ye?

142 Koulye a ann li yon ti kras. Ann al nan Matye ... Non, ann pran Sen Jan, premye. Sen Jan, 12yèm chapit, e jis rete la yon minit. Sen Jan, 12yèm chapit la. Epi koulye a ann kòmanse ak vèsè 23 nan Sen Jan 12. Koulye a, tandè la a, kounye a, vrèman ak atansyon, konsa, ou pa pral bezwen mande w ankò kisa l ye.

E Jezi tap reponn yo, e l di yo, lè a rive pou ke Fis de lòm nan ta dwe glorifye.

143 Ou wè, nou nan fen yon aj, la a. Ministè l ap fini. Ou wè? "Lè a rive, kote Fis de Lòm lan te dwe glorifye."

144 De ki sa prevyen, "Lè a rive pou ke Epouz li dwe anlve"? Kisa? Lè a rive, ke, "Pa pral gen tan ankò." Anj lan pare pou mete yon pye sou tè a, e lòt la sou lanmè a, ak yon lakansyèl sou li, ak pye l yo, pou li di, "Tan an fini." E an plis de sa, Li leve men l ', li sèman ke "Pa pral gen tan ankò," lè sa rive. Ala — ala sa pafè, yon deklarasyon sou sèman bay Legliz la!

... Lè a rive pou Fis de lòm nan glorifye.

Anverite, anverite, m ap di nou, eksepte si yon grenn ble tonbe atè e l mouri, li rete pou kont li: men si l mouri, li bay anpil fwi.

Moun ki renmen lavi I ap pèdi I; ... moun ki rayi lavi I nan mond sa a ap kenbe I pou lavi etènèl.

Si yon moun vle sèvi m, se pou l' swiv mwen. epi kote mwen ye, la ... sèvitè m nan ye tou: si yon moun sèvi m, Papa m ap onore I.

Koulye a, nanm mwen boulvèse; ...

145 Ou di, "Bon, Limenm, lap vin nan fen wout la, epi ou te gen pwoblèm?" Kisa k fè w panse lè kèk gwo bagay espirityèl rive, kisa k boulvèse w? Oh, la la! U-huh!

Koulye a, nanm mwen boulvèse; e kisa m va di? Papa, sove m de moman sa a. Men se pou rezon sa a, M te vini sou tè a, jouk lè sa a.

Papa, glorifye non w. Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, ap di: Mwen te glorifye I deja, epi map glorifye I ankò.

Pèp la te di, ki te kanpe la a, ki te tandè li, yo te di ... Tonè tap gwonde: ...

146 Apre, lè Ayo a te pran Liv la epi I te livrè Premye So sa a, Bondye te pale apati de Twon Etènèl li a, pou I te di ki sa So sa a te dwe revele. Men, lè L te plase devan Jan, Li te sou fòm yon senbòl. Lè Jan te wè I, Li te toujou yon mistè. Poukisa? Li pa t 'menm devwale lè sa a. Li pat ka revele jiskaskè sa L te di isit la, "nan fen tan." Men, li vini tankou yon senbòl.

147 Lè, "gwondman tonè a." Sonje byen, yon gwo bri batman yon Tonè se yon vwa Bondye. Se sa Bib la di, ou wè, "yon batman Tonè." Yo te panse se te yon Tonè, men se te vwa Bondye. Li te konprann Li, paske Li te revele I a Limenm. Ou wè? Se te yon Tonè.

148 Epi, remake, Premye So a louvri. Premye So a, lè L te louvri nan fòm yon senbòl, li Gwonde. Koulye a, kisa sa ye lè I louvri nan fòm reyèl li? O la la ... Li gwonde menm kote Ayo a te frape So a. E ki sa L revele? Se pa tout limenm. Premyèman, Se avèk Bondye; apre, Li nan yon senbòl; answit, Li devwale. Twa bagay sa yo. Ou wè? Lap kite Twon lan.

149 Premyèman, yo paka wè I, tandè I, oswa anyen. Li sele. San Ayo a peye pri a.

150 Li gwonde lè L te deklare I. Men lè I te fè sa, yon kavalye sou yon chwal-blan te kòmanse soti, epi li toujou te yon senbòl. Koulye a, gade, Li te di yo ta dwe konnen I nan dènye jou a. Men L vini sou fòm yon senbòl legliz. Èske ou konprann li, legliz? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Li parèt sou fòm yon senbòl legliz, ke yo konnen gen yon So. Men sa L jis ye, ankò, yo pa konnen, paske Se yon kavalye sou yon chwal-blan.

151 Epi sèlman ki dwe revele nan dènye jou a, lè So a louvri tout bon. Louvri pou kiyès? Pa pou Kris, men Legliz la. remake, kounye a. O, la la, sa jis fè m 'tranble! M — M — M espere ke Legliz la vrèman konprann Li, sa m vle di, nou. Mwen pral rele w Epouz, ou wè, ke w va konprann li.

152 Vwa a se yon Tonè. Vwa a te soti ki kote? Soti nan Twon lan kote Ayo a te jis kite a, kòm yon entèsè. Koulye a, Li kanpe la a pou L pran pozisyon li ak reklamasyon l yo. Men Tonè a te soti anndan Twon lan, te gwonde. Epi Ayo a te kanpe la a. Tonè a, kote Ayo a te kite a. Te kite Twon Papa a, pou al pran Pwòp Twon li. Glwa! Koulye a, kounye a pa manke sa a, zanmi yo.

153 Nou tout konnen, antanke Kretyen, ke Bondye te sèman bay David ke L t ap leve Kris pou L chita sou Twòn li, epi ba Li yon wayòm ki pap janm fini isi a sou latè. Li te fè l.

154 Epi Jezi te di: “Sila ki genyen batay la kont antikris la ak tout bagay lemond, va chita avè M sou Twòn Mwen an, jan M te genyen batay la epi chita sou Twòn Papa M.” Ou wè?

155 Kounye a, yon jou Li leve sot nan Twòn Papa a, epi al pran Pwòp Twòn Li.

156 Kounye a Li vin pou rele sijè Li yo. Kijan L pral reklame yo? Li deja gen Liv Redanpsyon an nan men L. Glwa! O, m santi m ta chante yon kantik.

Byento Ayo an ap pran Epouz Li pou L toujou bò kote L

Tout lame Syèl la va rasanble, (pou gad sa);

O, sa pral on espektak glorie, tout sen yo an blan san tach;

E ak Jezi nou va fete Etènèlman.

157 O la la! W ap pale de “chita kounye a nan plas Selès yo”? Kisa sa pral ye! Si n ka santi nou fason sa a, antan n chita isi a sou latè, anvan Anlèvman an vini, nan kondisyon sa a ke n ladann kounye a; e nou ka rejwi, epi kanpe nan viwonn miray yo, epi kanpe nan lapli, jis pou tandè Sa; kisa sa pral ye lè n wè L chita la a! O la la! O, sa pral yon moman glorie.

158 Te kite Twòn Papa a, te vini pou...Pitit Li, pou Li...Li se Fis de David. Se sa Izrayèl la te panse L t ap fè lè sa a. Sonje, fanm Siwofenisyèn lan, te di: “Oumenm Fis de David!” Sonje Batime avèg: “Oumenm Fis de David!” En-en! Epi Jezi, ki te konnen sa plan an te ye, poutan yo pat konnen l. Yo te eseye fòse L epi fè L pran Twòn lan. E menm Pilat te mande L.

159 Men L te di: “Si Wayòm Mwen te nan mond sa a, alò sijè M yo t ap goumen. Wayòm Mwen Anwo.” Men L te di: “Lè n priye, priye: ‘Ke Wayòm Ou vini. Ke volonte W va fèt sou latè isi a, tankou l ye nan Syèl.’” Amèn. En-en! Ala gran bagay sa a glorie!

160 Te kite Twòn Papa a, pou pran Pwòp Twòn Li. Kounye a Li sot nan travay entèsesyon Li, pou reklame Pwòp Twòn Li, sijè L yo ki rachte. Se pou L fè sa ke L soti nan Twòn lan. Se lè sa a ke Kreyati ki sanble lyon an te di Jan: “Vin, wè.” Gade. Èske n ap li l?

...yonn nan so yo. E li...ou ta di se te bri yon kout tonè, e yonn nan kat bèt vivan yo...

161 Nou konn sa Bèt yo te ye. Nou te pran yo. “Youn tankou on lyon; youn tankou on ti towò bèt; ak youn tankou lòm; ak youn tankou yon zèg.” Kounye a, premye Bèt sa a te di...Gade, chak fwa g on Bèt diferan; jouk kat kavalye chwal sa yo pase. Gen kat Bèt, epi gen kat kavalye chwal.

162 Remake, chak grenn nan Bèt sa yo anonse. Matye, Mak-Mak, Lik, ak Jan. N ap retounen ladann epi pwouve kilès ki, Matye, Mak, kilès ki Mak-Mak, kilès ki te Jan, yo chak jan yo t ale!...?...

...yonn nan...bèt vivan yo di: Vin...wè!

163 Li te tande bri yon kout tonè. E youn nan Bèt yo te di: “Kounye a vin, wè.”

164 Nan lòt mo, kounye a, *men* Ayo a kanpe *isi a*, epi Jan kanpe deyò la a ap gade l k ap rive. Ayo an monte sot nan Twòn lan, tankou yo te touye L, San toupatou sou Li. Li te Sila a ke yo te jwenn diy. E lè L te rive epi te pran Liv la, lè sa a tout bagay te kòmanse ap rele, epi kriye fò, epi eksite, nou wè, paske yo konnen redanpsyon an te peye.

165 Kounye a Li vin reklame Sa k Pou Li yo. Kidonk, Li pran Liv la, kanpe deyò la a devan Jan, epi Li rale L deyò epi kase So an. Retire So an! E lè L retire So an, yon kout Tonè te frape nan plas la. E lè yon kout Tonè te frape, pa gen dout Jan te ka sote anlè, lè on kout Tonè te gwonde.

166 Epi apre youn nan kat Bèt yo te di: “Kounye a vin, wè sa L ye, kisa k revele anba isi a.” O la la! “Jan, ekri sa w te wè.” Kidonk Jan al gade, wè sa L te ye. Jan al wè sa kout Tonè a te di. Se lè a ke Kreyati sa a te di Jan: “Vin, wè ki mistè ki anba Premye So an.” [Frè Branham frape sou lestrad la kat fwa—Editè a.] Kout Tonè a, Vwa Kreyatè a te pwononse L. Kounye a, Li ta dwe konnen kisa k La a. Ou wè? O la la! Men, panse kounye a, li te ekri Sa.

167 Men lè I te kòmanse ekri lòt sa yo, Sèt Tonè yo, Li te di: “Pa ekri L.” Yo te komisyone I pou ekri tout bagay li te wè. Men lè Sèt Tonè sa yo, la a nan Apokalips 10, te pale, Li te di: “Pa ekri Sa yo, ditou.” Yo se mistè. Nou poko konnen sa yo ye. Men, opinyon pa m, yo pral revele touswit. E lè sa fèt, I ap bay lafwa pou gras anlèyman sa a, pou Legliz sa a deplase soti. Ou wè?

168 Nou fèk sot pase atravè tout sa nou konnen, atravè tout dispansasyon yo. Nou te gade tout bagay. Nou te wè mistè Bondye yo. Nou te wè aparisyon gwo rasanbleman Epouz la-la nan dènje jou yo. Men, poutan, g on bagay anndan La a ke nou jis pa ka rann klè pou nou. G on lòt bagay.

169 Men m imajine, lè mistè sa yo kòmanse soti, Bondye te di: “Kenbe L kounye a. Tann on minit. M ap revele L nan jou sa a. Pa ekri L, ditou, Jan, paske y ap mal pou mache sou Li. Jis-jis ba I vag, ou wè. Men M ap revele L nan jou sa a lè I bezwen fèt.”

170 Yo pat janm pale pou anyen. Sonje, tankou ti gout lank lan, tout bagay se pou on objektif. Tout bagay se pou on kòz. Men, remake, Kreyatè a te pale. E li-li te tandè Vwa sa a, epi I t al wè.

171 Men kounye a Ayo an ap montre Jan, nan senbòl de...de on-de on ekriti legliz, tankou, pou legliz la konnen. Kisa pou I ekri, Li jis montre I. Te di: “Kounye a, pa-pa di sa a, jis sa I ye. Pa desann, Jan, epi di, kounye a, se jis sa sa ye, de kisa k anba Setyèm So sa a. Pa, pa desann pou di sa. Paske, si M di Jan sa, alò tout anba nan laj la, tout plan an pral kraze. S on sekre.” Ou wè? Li jis vle...Vini Li! Li te di, kounye a: “E pèsòn pap konnen kilè M ap vini. M ap jis vini.” Ou wè? Ou wè? Se tout. Se pa biznis pa m pou m konn ki lè. M ap jis pare, nou wè. Kifè alò I te di...

Kounye a Jan t ale, li te panse: “M pral wè L kounye a.”

172 E kisa I te fè, lè Jan t ale? Li, kounye a, kisa I dwe fè? Kounye a li dwe ekri sa pou laj legliz la. Se sa I sipoze fè, ekri I pou laj legliz yo. “Ekri sa w wè de Sèt Chandelye Lò sa yo, nan kòmansman an. Ekri bay legliz sa a epi di yo.” Trè byen.

173 E yon Tonè te soti. Jan te konnen se te Vwa Bondye. Epi apre Kreyati ki te sanble lyon an-an te di: “Vin, wè sa I te ye.” Epi Jan te soti kounye a, ak plim li, pou I ekri sa I ta pral wè a.

174 Kounye a, li pat janm wè egzakteman sa sa te ye. Li pat janm konprann li. Men sa I te wè an se te sa Bondye t ap voye pou legliz la pou “yon tan.” Kounye a Li gen...L ap; Li toujou fè I; Li fè sa klè lè se moman pou sa klè. Men Li pat fè I klè lè sa a. Poukisa? Paske, Li ta pral

kenbe l on sekrè jouk dènye laj la. Epi son Mesaj dènye anj lan se te pou rasanble mistè sa yo. Ou wè?

175 Pat fè l klè. Men sa Jan te wè, li te jis wè: “Yon chwal blan soti, ak on kavalye sou li,” kidonk se sa l te ekri, ou wè, lè l te wè l.

Se sa l te di: “Vin, wè.”

176 Kidonk Jan t al wè sa l te ka wè, pou l ekri bay legliz la. E lè l te fè l, li te wè: “Yon chwal blan, e sila ki te chita sou li te g on lak; e l te pati al fè konkèt, e pou konkeri; e yo te ba li on kouwòn.” E, kounye a, se tout sa Jan te wè, kidonk li jis ekri, te ekri tout sa. Kounye a, ou wè, sa se nan senbòl. Se fason sa a legliz la te resewa L.

177 Men, ak pwomès la, epi nan dènye jou an Li t ap revele L, montre sa L ye. Bondye, ede nou konprann. Laj Legliz yo, men yo pat fè yo konnen L nèt jouk setyèm Mesaj la, de dènye laj legliz sa a. Remake, li kòmanse...

178 Mesaje setyèm laj legliz sa a, si n ap remake l, li pa kòmanse yon denominasyon, tankou rès ladan yo te fè. Sonje, li pa kòmanse...Non. Si n ap chache konnen, li kont sa. Èske Eli te, èske Eli te kont sa? Sèten, li te kont. Èske Jan te kont sa, ak Lespri Eli an?

179 Ki kalite Lespri Eli te gen sou li? Li te...Pèsòn pa konn twòp bagay sou li. Li te jis on nonm, men li t on pwofèt. Yo te rayi l. O la la! E ki lè li te leve? Dwat nan tan popilarite Izrayèl la, lè yo tout t al nan lemonn. E l te denonse sa la a, e l t on moun “ki rayi fanm.” En-en. Wi, mesye. Sèten se sa l te ye. E li te renmen zòn sovaj. Se te nati li.

180 Alò, moun sa yo ta dwe konnen kilè kanmarad sa a, Jan sa a, te soti la a ak menm Lespri sa a sou li, te soti deyò la a. Li pat byen abiye tankou gwo vedèt yo, jan m te di yè swa; yo bo bebe yo, epi marye, epi antere, e latriye. Men nonm sa a soti tankou yon nonm zòn sovaj. Kisa l te ye? Li te renmen zòn sovaj yo. On lòt bagay li te fè, li te rayi denominasyon. Li te di: “Kounye a, piga nou kòmanse di: ‘Nou fè pati *sesi oswa sela,*’ paske m ap di nou, Bondye kapab leve pitit pou Abraham nan wòch sa yo.”

181 Li pat on moun ki fè konpwomi. Yo pat ka....Te di: “Èske n t al wè yon wozo ki souke ak van? Pa Jan.” Non, mesye.

182 Kisa l te fè, tou? Jis tankou Eli ki te korije Jezabèl, li te pale ak Herodia. Te mache dwat nan figi Ewòd, epi l te di: “Sa pa legal pou pran l”. Li te rache tèt li, pou sa. Ou wè? Li te eseye pran Elize. Menm lespri sa a, te nan Jezabèl, te nan fanm sa a.

183 E menm bagay la nan legliz Jezabèl jodi a, menm bagay. Kounye a remake sa. Al on gran leson nou jwenn isi a!

184 E, kounye a, sanble ke moun sa yo t ap konnen. Jan kòmanse ranni sou moun sa yo, epi kanpe la a, sanble ke yo t ap konnen ke se te Lespri Elize sa a. Yo ta dwe konprann sa. Se sa I te ye.

185 Kounye a, e nou jwenn kounye a, epi nou fè I atravè laj legliz yo, selon Lekriti, ke yo te pwomèt nou yon retou Lespri sa a, jis anvan fen tan an. Se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

186 Kounye a, epi remake, n a remake nati li. Kounye a, li pap kòmanse yon lòt laj legliz, tankou Luther, ak Wesley, ak tout rès ladan yo te fè. Li pap kòmanse yon lòt legliz, paske pa gen laj legliz ankò pou kòmanse. Ou wè? Pap genyen ankò. Kidonk li dwe kont sa, paske Lespri I ap jis egzakteman tankou yo te ye anvan la a, menm Lespri an.

187 Jan m te di yè swa, sa te fè Bondye plezi pou L sèvi avè L twa fwa diferan. Sa se chif Li, twa, pa de; twa. Te deja sèvi avè L de fwa, kounye a L a pral sèvi avè L ankò. Li te di sa, te pwomèt sa. Kounye a remake, li...

188 Remake kounye a, lè L te fè I. Li pa pral kòmanse yon denominasyon, paske Laj Legliz Lawodise a se dènye laj la. E mesaje an, de setyèm anj lan, ki se setyèm mesaje an, pou setyèm laj legliz la, se kanmarad ki pral revele, pa Sentespri a, tout bagay mistè sa yo. Sa pral...Konbyen moun ki te la yè swa? Kite n wè men nou. M sipoze m pap gen pou m li L ankò, alò. Nou konnen jis ki kote I ye, chapit 10 la-la, ou wè? Trè byen. Trè byen.

189 Refòmatè yo te vin refòme dènye laj legliz ki te tonbe an ki te vin anvan yo. Epi, apre refòmatè yo vini epi refòme laj legliz la-la apati de kote I te ye an, epi I te tounen nan lemonn, apres a yo kòmanse yon nouvo laj legliz. Yo te toujou fè I, toujou. Kounye a, nou t antre nan sa. Ou wè?

190 Nan lòt mo, *isi a* te g on laj legliz Katolik, de legliz Katolik Women an. Apresa Luther vini, yon refòmatè. Yo te rele I yon refòmatè. E kisa I fè? Li kòmanse la a menm, ap kritike rès. Epi, lè I fè I, li denonse legliz la. Epi, premye bagay ou konnen, kisa I fè? Li bati menm bagay ke I vini pou soti ladan lan, yon lòt legliz.

191 Apresa yo g on lòt legliz. Apresa, premye bagay ou konnen, men vin...Laj legliz la sitèlman nan dezòd. Apresa John Wesley vini, yon lòt refòmatè. Ou wè, li bati yon lòt laj legliz. Konprann sa m vle di? Yon lòt laj legliz bati. Yo tout se refòmatè.

192 Remake, dènnye Mesaj sa a, de dènnye laj legliz la, se pa yon refòmètè. Li s on pwofèt, pa on refòmètè. Montre m kote yon sèl pwofèt te janm kòmanse yon laj legliz. Li pa yon refòmètè. Li s on pwofèt.

193 Lòt yo te refòmètè, men pa pwofèt. Si yo te sa, Pawòl Seyè an vin jwenn pwofèt la. Se pou rezon sa a yo te kontinye nan batèm nan "Papa, Pitit, Sentespri," tout lòt bagay sa yo, paske yo te refòmètè, e pa pwofèt. Men poutan yo te dè gran òm de Dye, epi yo te wè sa jou yo t ap viv ladan I lan bezwen. E Bondye te wenn yo, yo te voye yo deyò la a epi yo te chire bagay sa yo an myèt mòso. Men Pawòl konplè Bondye an pa janm vin jwenn yo, paske yo pat pwofèt. Yo te refòmètè.

194 Men nan dènnye jou yo, sa ap dwe yon pwofèt, pou I pran mistè Bondye yo, mennen I tounen, paske se sèlman pwofèt yo ki te konn mistè yo. Kidonk, se dwe kanmarad sa a ki pou vini. Ou wè sa m vle di kounye a? Li pa ka yon refòmètè. Li dwe on pwofèt, paske li dwe yon moun ki gen don epi ki chita la a, ki kapte Pawòl la.

195 Kounye a, refòmètè sa yo te konnen te g on bagay ki pa bon. Luther te konn sa, ke pen sa a se pat kò Kris la. E kidonk li te preche: "Jis la va viv pa lafwa," e se te mesaj li. E lè John Wesley vini, li te wè ke te gen sanktifikasyon, kidonk li te preche sanktifikasyon. Se te mesaj li. Ou wè? Pannkotis yo te mennen mesaj Sentespri a, e latriye.

196 Men nan dènnye jou yo, nan dènnye laj sa a, mesaje an pa dwe kòmanse okenn refòm, men dwe pran tout mistè ke refòmètè sa yo te kite, epi rasanble yo ansanm epi rezoud yo bay moun yo. Kite m jis li L ankò. Li sonnen sitèlman byen pou mwen! Mwen-m renmenm li L.

...Mwen wè yon lòt zanj ki te pwisan desann soti nan syèl la. Li te vlope nan yon gwo nwaj...ak yon lakansyèl...sou tout tèt li. Figi l' te...solèy la. Pye li yo te tankou kolòn dife.

197 Kounye a, nou te wè menm bagay la, ki te Kris. E nou konnen Kris toujou Mesaje pou Legliz la. Trè byen. Yo rele L Kolòn Dife an, Anj Alyans lan, e latriye.

Li te kenbe yon ti liv louvri nan men li...

198 Kounye a, So yo te fin kase, isi a. N ap kase yo kounye a. Men, sa a, Bagay la louvri.

...Li mete pye dwat li sou lanmè, pye gòch li... sou tè fèm.

Li pran rele...byen fò, tankou yon lyon k'ap gwonde. Lè li...fin rele, sèt tonè yo pran gwonde reponn li. (O la la! Sa k konplè a!)

Fini sèt tonè fin pale, mwen Jan tapral ekri (ekri kisa?) sa yo te di a, lè m' tande yon vwa nan syèl la (Bondye) ki di m' konsa: Sa sèt tonè yo sot di a, sele yo. Pa ekri yo. (Ou wè?)

Aprè sa, zanj mwen te wè kanpe sou lanmè...te leve men l nan syèl.

Li fè sèman sou non pa l k'ap viv pou tout tan an, ki kreye syèl la ak tou sa ki ladan l', tè a ak tou sa ki ladan li la a, ansanm ak lanmè a ak tou sa ki ladan li. Zanj lan di: p'ap gen tan ankò.

199 Gade! Pa bliye sa kounye a, antan na prale.

Men nan jou (jou) vwa setyèm zanj lan...

200 Dènye zanj sa a, zanj sou latè. Zanj sa a desann sot nan Syèl. Se pat Li; Li sot nan Syèl. Men L ap pale isi a de vwa setyèm zanj lan, ki s on...Zanj vle di yon "mesaje," nenpòt moun konn sa a, e mesaje laj legliz la.

...nan jou vwa setyèm zanj lan, lè l va pran sonnen klewon l' lan, mistè (Sèt So yo, tout, tout mistè a) Bondye ta dwe fini, jan l' te fè pwofèt ki t'ap sèvi l' yo konn sa.

201 Mistè a an antye deplwaye. Sa se ministè zanj sa a. Ou wè? Ap sitelman senp, moun yo jis tonbe sou tèt li. Men, poutan, l ap konfime pafètman. Y ap jis konnen l pafètman. Ou wè? Tout moun ki vle wè l ka wè l. Ou wè? Se vre. Men sila yo...

202 Jezi te di, jan L te di lè L vini an, te di: "Nou gen je, e n pa ka wè. Ezayi te di nou te sa. Ou wè? Epi n gen zòrèy, epi n pa ka tande." Kounye a, kidonk nou dekouvri ke...

203 Sa te fè m pè. M te gade dèyè la a nan revèy sa a epi m te panse l te dizè. Men, se, mwen-m gen...Li poko menm nevè, ou wè. Trè byen. O la la! Ann pran l kounye a. Remake, m renmen sa.

204 Lòt yo, refòmètè yo, men, kòm yo se gran òm de Dye, ki te wè bezwen ki gen pou jou an, epi yo te pote refòm lan.

205 Men Apokalips 10 te di Mesaj li te dwe revele, pa refòm; revele sekrè yo. Revele sekrè yo! Se Pawòl lan nan lòm. Ebre 4 te di, ke: "Pawòl Bondye an pi file pase yon epe ak de bò, on bagay ki separe jwenti ak mwèl, epi yon revelatè sekrè kè a." Ou wè? Nonm sa se pa yon refòmètè. Li s on revelatè, revelatè de (kisa?) mistè Bondye yo. Kote legliz yo te makonnen tout epi tout bagay, li dwe vini ak Pawòl Bondye a epi revele bagay la.

206 Paske, li dwe “restore Lafwa timoun yo tounen bay papa an.” Lafwa Bib orijinal lan dwe restore pa setyèm anj lan. Kounye a, o, ala m renmen sa! Tout mistè So yo, ke refòmatè yo pat janm konprann nè! Ou wè? Kounye a gade Malachi 4, jis on minit. Ebyen, nou jis make l. Li s on pwofèt, epi li: “restore Lafwa orijinal papa yo.” Kounye a n ap chache pou moun sa a parèt sou sèn lan. L ap sitèlman enb ke di milyon fwa di milyon pral...Ebyen, pral g on ti gwoup k ap konprann Sa.

207 Lè, nou sonje lòt jou an, lè Jan te sipoze vini, te pwofetize, on mesaj anvan Kris vini: “yon vwa youn k ap rele nan dezè a.” Malachi te wè l. Gade, chapit 3 Malachi an se vini Eli sa ki te dwe vini anvan an pou anonse vini Kris lan.

208 Ou di: “O, non, non, Frè Branham. Se chapit 4 lan.” Eskize m.

209 Jezi te di se te chapit 3 an. Kounye a pran Sen...Pran Sen Matye, chapit 11 lan-lan ak vèsè 16 la, L ap-L ap di sa. Chapit 11-11 lan, m kwè se vèsè 6 lan; 4, 5, oswa 6, dwat la a. Li te di: “Si n ka resevwa l,” lè L t ap pale de Jan: “sa se sila ke yo te pale de li a, ‘M ap voye mesaj M devan figi M.’” Kounye a li Malachi 3. Kèk nan yo eseye aplike l nan Malachi 4. Non, mesye, se pa sa.

210 Remake Malachi 4, osito mesaj sa a soti, mond lan boule nè, epi jis yo mache soti nan Milenyòm lan, sou sann yo. Kidonk, nou wè, si nou met sa se li anvan la a, alò-alò Bib lan te di on bagay ki pat sa. Nou te gen demil an, e mond lan poko boule, e jis lan ap viv ladan l. Kidonk sa dwe nan lavni an. O la la! [Frè Branham bat men l ansanm yon fwa—Editè a.]

211 Si n rive isi a nan Apokalips, epi wè kisa mesaj sa a nan fen laj sa a sipoze fè, lè sa a n ap wè sa l ye. Li dwe yon pwofèt. Li dwe atrap bout sa yo ke refòmatè sa yo pat wè, epi mete L anndan la a.

212 Kòman Matye 28:19 ka konpare ak Ak 2:38, san revelasyon espiyèl Bondye a? Kòman moun sa yo ka di jou mirak yo pase, e latriye kon sa, epi (huh!) san revelasyon Bondye? Se sèl fason y ap janm konnen l, konn si se vre ou se pa vre! Ou wè? Men yo vin nan seminè. M swete n gen tan pou n antre nan sa.

213 M vle prese, paske m pa vle kenbe nou isi a plis pase on semèn, nou konn sa m vle di, sa a, louvri So sa yo. M gen yon jou, e m ta renmen gen priyè pou malad yo nan jou sa a, si m te kapab.

214 Kounye a gade, Malachi 4, li s on pwofèt, e l “restore Lafwa orijinal papa yo.”

215 Nan fen tan an, lè peryòd Tribilasyon an vini... Kounye a men on ti bagay nou pral revize ankò, on minit, konsènan twazan edmi an...Oswa, sèt semèn Danyèl yo, dènye mwatye

sèt semèn Danyè l yo, ki se twazan edmi. Kounye a, nou, konbyen moun ki sonje sa, nan laj legliz yo? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ou wè? “Gen sèt semèn ki fikse.” Gad kijan sa te pafè. Te di: “Mesi ap vini, e y ap retranche L, kòm on sakrifis, nan mitan semèn lan, epi obligasyon an ap sispann.” Apresa, toujou gen twazan edmi ki t ap tann, pou Doktrin Mesi a al jwenn Jwif yo.

216 E Bondye pa trete ak Jwif yo epi Moun Lòt Nasyon yo an menm tan. Li an afè ak Jwif yo kòm on nasyon, Moun lòt Nasyon yo kòm yon endividi. Li pat janm pran Moun lòt Nasyon yo pou Epouz Li; Li te pran yon pèp sot nan Moun lòt Nasyon yo. Ou wè? Kounye a Li an afè ak Izrayèl kòm on nasyon. E kounye a men l chita, la a menm kounye a, kòm on nasyon.

217 M te resevwa on lèt nan men Paul jodi a, Paul Boyd. E l t ap di m, te di: “Frè Branham, ala se vre! Jwif sa yo toujou g on santiman dwòl anvè Moun lòt Nasyon yo, kèlkeswa sa k te pase a.” Sèten, y ap konsa. Yo dwe konsa.

218 Lè Martin Luther te dekalre, ke: “Yo ta dwe chase tout Jwif yo, epi pou bildin yo boule, paske yo te antikris.” Ou wè? Martin Luther te fè deklarasyon sa a, limenm, nan sa l ekri yo. Kounye a, Hitler te jis akonpli sa Martin Luther te di. Poukisa Martin Luther te di sa? Paske li t on refòmateur, pa yon pwofèt.

219 Bondye, ki: “Pwofèt Mwen te beni Izrayèl, li te di: ‘Kèlkeswa moun ki beni w va beni, epi moun ki modi w va modi.’” Kòman yon pwofèt ka kanpe epi renye sa lòt pwofèt la te di? Li pa ka fè sa. Sa dwe nan amoni, ou wè.

220 Men se pou rezon sa yo klase...Ou wè, Almay sipoze on nasyon Kretyen, epi, yo, fason yo te trete Izrayèl la! Yo toujou g on fado sou zepòl yo, e w pa ka blame yo. Men jis sonje, Jwif yo ki chita isi a, pa enkyete nou, jou an ap vini! Bondye pa janm ka bliye yo. Yo te avèg poutèt nou.

221 Nou konnen, Li te di pwofèt la, Li....Pwofèt la te rele, te di: “Èske W ap bliye Izrayèl?”

222 Li te di: “Pran baton pou mezire sa a; e ki wotè syèl la? Ki pwofondè lanmè a?”

Li te di: “M pa ta ka mezire l.”

223 Li te di: “M pa ka janm bliye Izrayèl.” Se pèp Li, sèvitè L yo.

224 E Moun lòt Nasyon yo, se sèlman kèk ke yo pran sot la a, pou Epouz Li. Se egzakteman vre. Se Epouz la.

225 Kounye a, sèt semèn yo te fikse, pafètman, jan Danyèl te di ke Mesi t ap vini epi yo t ap retire L nan mitan semèn lan. Epi Jezi te pwofetize pandan twazan edmi. Kounye a, nan

mitan sa a, twazan edmi Danyèl lan, nan mitan I, yo te retire L. Men kounye a dènye pati an se peryòd Tribilasyon an, kote legliz Moun lòt Nasyon yo ye. O, sa a grandyoz! Kounye a pa...Epouz lan antre ak Lemarye; epi, apre Milenyòm la, mache sot sou sann mechan yo.

226 Kite m montre nou on bagay isi a, jis pandan nou jis genyen I nan lespri an. Ann jis montre nou kisa L te di, kisa Bib la di. E nou pa ka renye Sa se Pawòl Bondye. Si n fè sa, alò nou se enfidèl. Ou wè, nou dwe kwè L. Nou di: "M pa konprann Li." Ni mwenmenm. Men m ap tann Li revele L. Gade.

Gade! Jou a ap vini: Pral fè cho anpil tankou nan yon fou. Tout awogan yo (tankou Ameriken yo, e latrye), ya,...ansanm ak tout mechan yo pral boule tankou pay chèch (Li pral boule.). Se Seyè a menm ki di sa. Wi, jou sa a, y'ap boule nèt...san pap ret ni rasin oswa branch nan yo.

227 Kijan w g on lanfè Etènèl anndan la a lè sa a? Ou wè, se dènye jou yo, lè bagay sa yo ap revele. Pa g okenn plas nan Bib la ki di lanfè Etènèl. Kidonk, pou w ta nan yon lanfè Etènèl, ou ta dwe gen Lavi Etènèl pou ret la a. Gen sèlman yon fòm Lavi Etènèl, e se pou sa n ap debat. Tout bagay, te g on kòmansman, g on fen. "Lanfè te kreye pou dyab la ak zanj li yo," e li pral kankannen epi elimine. Se vre. Ou wè? Men lè sa a pase: "Li pap kite ni rasin ni branch pou yo."

Men, pou sila yo ki pè non mwen, se pou Solèy jistis lan leve ak gerizon nan zèl li...Nou pral sote ponpe tankou jenn ti towò gra ki lage nan savann.

Nou pral pilonnen mechan yo, yo pral tankou sann dife anba pye nou, jou m'a decide pou m'aji a. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa.

228 Kote mechan yo pral ye aprè Tribilasyon an? Sann.

Pa bliye...sa Moyiz, sèvitè m' lan, te moutre nou, tout lwa ak tout regleman ak jijman...mwen te ba...li sou mòn Orèb la pou tout pèp Izrayèl la.

Jou Seyè an sa a pral yon gwo jou, yon jou ki pral fè moun tranble. Men, anvan li rive, mwen gen pou m' voye pwofèt Eli ban nou.

229 Amèn! Men Ansyen Testaman an k ap fenmen kon sa, e men Nouvo Testaman an k ap fenmen ak menm bagay la menm. Kijan n pral kenbe I lwen? Pa kapab. Gade: "M ap voye ban nou Eli pwofèt la anvan jou sa a vini."

Li gen pou l' fè kè papa al jwenn pitit, epi kè pitit al jwenn papa yo. Si se pa sa, m'ap vini, m'ap detwi latè ak on madichon. (Uh!)

230 Men li. Sa se Pawòl Seyè an. Li te pwomèt sa. Li dwe vini. E kounye a si n va remake kijan sa pase. Li bèl, kijan Bondye fè l. Epouz la prale, epi ak Lemarye. E-epi apre sa, mechan yo boule ak dife ki pa etenn. Epi apre mond lan te pirifye, repwodwi tèt li. Tout bagay dwe fè sa, dwe al nan yon eta pirifikasyon.

231 Vòlkan pral eksploze nan gran dènye tan sa a, epi mond lan pral eklate, epi pete, epi ale; e tout twou santi peche sa yo, ak tout sa k sou latè, pral redwi a neyan. L ap boule ak on chalè sitèlman tèrib, ke l ap tankou klowòks sa a ki voye koulè lank lan-lan tounen nan kreyasyon orijinal li. Se konsa Dife ki sot nan Bondye a pral sitèlman cho, sa pral fè tout bagay degoutan tounen nan kondisyon l ankò, lè Satan ak tout peche boule, ak tout bagay. E apres a l ap soti bèl menm jan l te ye nan jaden Edenn lan. Se vre. O, gran lè sa a ki lonje jis devan nou!

232 Pandan peryòd Tribilasyon an. Men sa m vle nou remake kounye a, on ti bagay m te lage anndan isi a. Pandan peryòd Tribilasyon sa a, apre yo te rele Epouz lan soti, epi legliz la al nan peryòd Tribilasyon an, de temwen Apokalips 11 lan rele sankarannkat mil yo. Kounye a gade. Yo pral pwofetize, pandan mildesanswasann (1260) jou, abiye nan sak.

233 Kounye a, nou konnen almanak Women sa a gen...Nou gen venntuit (28) jou ak, pafwa, ak trant, ak tranteen (31). Men, an reyalyte, almanak la make sa, trant jou pou chak mwa. Se vre. E pran san...mildesanswasann (1260) jou, epi mete trant nan li, epi wè sa w genyen. Twa zan edmi, pil egzakteman. Sa se tan ki asiye an, tan pou Mesaj Mesi an preche bay Izrayèl, tankou sa te ye anvan la a. Lè l retounen epi fè yo konnen l, nan yon senbòl ke lè l vini...

234 Lè, yo te pran Joseph mennen l nan peyi an, e frè l yo te rejte l, paske li te yon nonm espirituel. Li te ka wè vivzyon epi entèprete rev. E lè l te fè sa, yo te pran l mennen l nan peyi an epi yo te vann li pou prèske trant pyès lajan. Li te reprezante Kris, egzakteman, paske se te Lespri Kris nan li.

235 Remake sa k te rive apres a. E remake ke, lè l te fè sa, yo te mete l nan on prizon, epi yon nonm te sove epi lòt la te pèdi. Egzakteman Jezi, lè l te nan prizon sou kwa an, yon vòlè te sove epi lòt la te pèdi, egzakteman.

236 Te voye l nan tonm lan, yo te sipose l mouri, epi yo te pran l, epi te monte rive sou men dwat Farawon, ke pèsòn pat ka wè Farawon san l pa wè Joseph an premye. Jezi chita sou men dwat Bondye, epi pèsòn pa ka vin jwenn Papa an esepite pa Pitit la. Se vre.

237 E remake chak fwa Joseph te pati, lè Joseph te leve sot sou men dwat sa a de twòn sa a. Gade! Glwa! Men Joseph te chita, bò men dwat Farawon. Epi lè Joseph te leve, pou kite twòn sa a, twonpèt la te sonnen. “Pliye jenou, tout moun! Joseph ap vini!”

238 Lè Ayo sa a kite Twòn lan, lòtbò an, nan jou travay medyasyon Li, lè L kite Twòn lan anwo la a, epi pran Liv Redanmsyon sa a epi avanse, tout jenou pral pliye. Men L la a. Remake.

239 E lè Joseph, ke frè I yo te rejte, yo te ba li yon madanm Moun lòt Nasyon. Potiphar te ba li...Oswa, Farawon ba li yon-yon madanm Moun lòt Nasyon, e li te fè pitit Moun lòt Nasyon, mwatye Moun lòt Nasyon ak Jwif. Yo bay yon gran senbòl. Lè Jacob t ap beni yo, Ephraim sou on bò ak Manasseh sou on lòt, li te kwaze men li epi bay pitit ki pi jenn lan benediksyon an. E yo te ajoute de timoun yo nan douz tribi yo, ki te sèlman dis nan moman sa a, epi I te beni yo nan Jacob limenm. E Joseph, pitit gason pwofèt li, kanpe la a, te di: “Papa, ou fè sa mal.” Te di: “Ou met benediksyon men dwat ou sou pitit ki jenn lan, kote I ta dwe al jwenn gran an.”

240 Epi I te di: “M konnen men m yo kwaze, men se Bondye ki kwaze yo.” Poukisa? Izrayèl, ki gen dwa pou I on Epouz, te rejte epi te vann dwa denès li yo, e...te sot nan gran pitit gason an, Izrayèl, al jwenn nouvo an, Moun lòt Nasyon. E benediksyon yo te sot la a, atravè kwa an, al jwenn Moun lòt Nasyon yo.

241 Men remake apre sa, ou wè, atravè sa, lè tout...Li te pran epouz li. Men lè ti gason sa yo te desann pou achte manje...

242 O, s on imaj sitèlman bèl! M soti nan So an, men m jis dwe di I, ou wè, paske n ap sezi imaj la pi byen, m kwè. Remake.

243 Kounye a, lè yo desann al achte manje, nou konnen, Joseph te rekonèt yo touswit. E Joseph te pitit pwosperite an. Kèlkeswa kote I t ale, sa te toujou pwospere.

244 Tann jouk Li vin sou latè ankò; tann jouk Joseph nou an vini! Ou wè? “Dezè an va fleri tankou on woz, e Solèy Jistis lan ap leve ak gerizon nan zèl Li.” O la la! Tout rakèt sa a nan viwonn Arizona pral deplwaye vin bèl pyebwa, epi sa-epi sa pral bèl.

245 Remake, men I vini, epi I jwe on ti trik sou yo la a. E I voye, epi I di: “Èske papa m vivan toujou?” Ou wè? Li te vle konn si papa ti gason sa a t ap viv. Te di: “Wi.” Li te konn se te frè li. Men èske n te remake lè I te vin pare pou devwale tèt li bay frè I yo?

246 E l te jwenn ti Benjamen, ki te fèt depi l te pati. E sa reprezante Jwif sa yo, sakarannkat mil sa a k ap rasanble la a menm kounye a depi L te pati. E lè L te retounen, Li te di...Li te gade Benjamen; kè l te prèske kase.

247 E, sonje, yo te gen...li... Yo pat konnen l te ka pale Ebre. Li t ap pran yon entèprèt. L aji tankou l te yon Ejipsyen. Ou wè? Epi apre lè yo te fè konn sa, li te vle fè konnen l, li te kontinye ap gade ti Benjamen. Epi, sonje, li te voye madanm li ale. Li te nan palè an lè l te fè frè l yo konnen l.

248 E Epouz Moun lòt Nasyon yo, Madanm lan, apre Pwòp Pèp Li te rejte Jezi, Li te pran on Epouz Moun lòt Nasyon. E pral pran Li sot isi a, al nan Palè an, al nan Kay Papa Li nan Laglwa, pou Soupe Nòs lan. E pral tounen glise desann, pou fè frè L yo konnen L, sankarannkat mil yo...?...lè sa a.

249 Men l kanpe la a. E, sonje, gade senbòl lan pafètman. E lè l tounnen kote sa te ye an, li te gade yo, epi li te di-li te di...kòmanse gade. E yo kòmanse pale. Yo te di: "Kounye a, Reuben, ou konnen ke n anndan an pou sa kounye a, ou wè. Paske, ou konn sa n te fè. Nou te met gason sa a nan sityasyon difisil sa a. Kounye a, nou pat dwe vann frè nou an." Se te frè yo ki te kanpe la a, prens pwisan sa a, e yo pat konn sa.

250 Se pou rezon sa Izrayèl pa ka konprann Li jodi a. Li poko lè pou konn sa.

251 Epi alò, li, yo te panse li pat ka konprann Ebre, men li t ap koute yo menm. Yo te di: "Kounye a nou pran poutèt sa." E Joseph, lè l te gade yo, li pat ka sipòte l pi lontan.

252 Kounye a, sonje, madanm li ak pitit li yo te nan palè an nan moman sa a. Sen yo te pati, sot nan prezans lan.

253 E l te di: "M se Joseph, frè nou." E pi l te kouri epi te atrap ti Benjamen, te tonbe sou kou l, epi kòmanse kriye. Ou wè? E li te fè konnen l.

254 Epi apre yo te di: "Kounye a nou konnen se nou k chache sa, paske nou te vann li. Nou te sila a ki te vann li. Nou te sila a ki te eseye touye l, kounye a nou konnen l pral touye nou."

255 Li te di: "Non, pa fache ak tèt nou, nou te sèlman fè sa pou prezève lavi. Se pou sa Bondye te voye m isi a."

256 E lè L fè yo konnen L, Bib la te di...antan n ap vin ladan l. Lè L fè sankarannkat mil sa yo la a konnen L, ti Benjamen jodi a, ak rèz Jwif sa yo ki rete la a; lè L fè yo konnen L, yo pral di: "Ki kote W pran mak sa yo? Sa y ap fè nan men W?"

257 L ap di: "O, M te pran yo lakay zanmi M." Ou wè? O, lè sa a y ap reyalize ke yo te touye Mesi a. Men kisa L pral di? Menm lan, jan Joseph te fè l. "Nou te fè sa pou sèvi lavi; pa...sove lavi. Pa fache ak tèt nou." Paske, yo pa t ap mennen Moun lòt Nasyon yo antre si Jwif yo pat aji nan avègleman sa a. Kidonk, Li te sove lavi Legliz lan, pa bagay ke yo te fè yo. Kidonk men nou. Se pou rezon sa a, jodi a, yo pa ka konprann Sa; se pa lè a.

258 Nou pat ka konprann bagay sa yo non plis jouk tan an vini pou sa konprann Li. O la la! Sèt Tonè, nan Apokalips, ke Li montre Epouz lan kijan pou L prepare pou gran fwa anlèvman sa a!

259 Kounye a ann prese, paske nou gen nan kenz, ven minit yo k rete.

260 Kounye a, kisa chwal blan sa a vle di? Kite m li...m te sitèlman lwen; eskize m poutèt m soti nan sijè m lan. Men, men m ap li vèsè a ankò, de vèsè yo.

Aprè sa mwen wè ti Mouton an te kase yonn nan sèt sele yo. Lè sa a, mwen tandè yonn nan kat bèt vivan yo pale, ou ta di yon tonè. Li di: Vini...wè!

E mwen gade, e mwen wè yon chwal blan...

261 Kounye a nou pral nan vèsè 2 an.

...yon chwal blan. Moun ki te moute l' la te kenbe yon banza nan men l'. Yo ba l' yon kouwòn (li pat genyen l lè sa a)... met sou tèt li. Li pati tankou yon moun ki fin genyen yon batay men ki soti pou l' genyen ankò.

262 Se tout sa. Sa se So an. Kounye a ann jwenn senbòl yo.

263 Nou te jwenn sa Tonè a vle di. Se pafètman sa, nou konn sa, ou wè. Tonè an se te Vwa Bondye, lè So an te louvri.

264 Kounye a, kisa chwal blan an vle di? Kounye a, men kote revelasyon an vini. M jis pozitif sou sa, menm jan m kanpe isi a, kòm m konnen se Pawòl la.

265 M te li chak liv sou sa ke m te ka jwenn. E ak on...Mwen...Dènye fwa ke m t ap-t ap eseye al ladan l, jis anseye li, sa fè apeprè trant an de sa, m te pran liv la...Yon moun te di m ke Advantis yo te gen plis limyè sou dezyèm Vini Kris la pase nenpòt moun ke yo te konnen, kidonk m te jwenn kèk nan bon liv yo, pou m li l. M te pran liv Smith lan sou Danyèl, de revelasyon yo. E l te di chwal blan sa a ki te soti an te blan, e sa te senbolize yon konkeran. E nan genyen batay sa a...Anpil nan nou frè Advantis yo isi a konn liv lan, e anpil nan nou lòt yo, tou, poutèt nou li l. E-e lòt yo, m te li de ou twa. M te li, e m pa ka sonje...Gen de liv an plis m te li, e toude mesye yo te dakò ke se te vre. [Frè Branham frape sou lestrad la twa fwa—

Editè a.] Se te de bon anseyan, te sanse kèk nan pi bon yo, ak pi bon limyè an. Kifè m te panse: “Ebyen, si m pa konnen, m ap jis di sa yo te di, eseye anseye l fason sa a.”

266 Yo te bay on trè bon eksplikasyon de li, sa l te vle di tout bon. E yo di: “Bon, men on chwal blan, e on chwal blan se on pwisans, on chwal batay.” E yo di: “ moun lan ki chita sou li a, te-te chwal blan an, se te Sentespri a ki te soti nan premye aj la e ki te konkeri aj sa a pou Wayòm Bondye a. Li te gon ak nan men li, ki te vle di, ke l voye flèch lanmou nan kè moun yo , tankou Kipidon, lanmou Bondye, e l tap konkeri.

267 Bon, sa a sonnen byen, men se pa Verite a. Non, msye. Wi, se pat sa. Blan vle di jistis. Nou-nou reyalize sa. Blan an vle di jistis. Anseyan yo te anseye sa, sa se te Sentespri a ki tap konkeri nan premye aj la; men revelasyon pam, se pa Sentespri a, li diferan.

268 Revelasyon pam, se pa Sentespri a; se ke: Kris ak Sentespri a se menm Moun lan, sèlman sou on fòm diferan. Alò, *isi a* gen Kris, Ayo a. Nou konnen Li te Ayo a. Li te *isi a* avèk Liv la nan men L; e *la a*, kavalye blan an soti, nou wè, alò se pat Sentespri a

269 Kounye a, sa se youn nan mistè dènye jou yo, kijan Kris ka twa moun nan Youn. Se pa twa moun diferan, Pè, Fis, ak Sentespri, ki tap twa Bondye, jan trinitè yo ap eseye di nou Li ye a. Se twa, se twa manifestasyon menm Moun lan. Oubyen, nou te ka rele l twa fonksyon. Si wap pale ak predikatè, nou pa tap itilize fonksyon; paske, wi, m vin sonje, m sou anrejistreman. Alò m pral di nou... Paske, Kris pat ka di: “M pral lapriyè fonksyon Mwen, e Lap voye w on lòt fonksyon.” Nou konn sa. Men si w vle rann li... se twa atribi menm Bondye a. Nou wè? Se pa twa Bondye. Twa atribi de menm Bondye a! Nou wè?

270 E alò kijan Kris ta ka lòt bò a, chwal blan an, ap konkeri, e rete la a avèk on Liv nan men L? Sepandan, se pa Li. Se pa Kris.

271 Kounye a remake, Sentespri a (nan revelasyon an) ak Kris, se, Sentespri a se Kris sou on lòt fòm. Se vre.

272 Remake, se Ayo a ki louvri Liv yo, e Ayo a se Kris. E nou pa wè Kris ankò, depi la a, men nou wè L nan Liv Apokalips la, chapit 19 lan, lè L vini sou on chwal blan.

273 Si nou ta renmen li l, annou pran Apokalips 19.11, sis...E nap li l rapidman kounye a pandan ke nap-pandan ke nap... Nou gen ase tan, m espere, konsa nap wè l pi byen. 19, 19.11, nap kòmanse nan vèsè 11, e nap li jiska vèsè 16.

Aprè sa, mwen wè sièl la louvri,... epi o! yon chwal blan parèt (pa sou latè a; nan Sièl la, nou wè). Yo te rele moun ki sou li a: Nonm serie ki pa nan bay manti... L'ap jije,... l'ap mennen batay la jan sa dwe fèt.

Je l' yo klere... tankou flanm dife. Li te gen yon bann kouwòn sou tèt li (gade dyadèm lan!) . Li te gen yon non ekri. Se li menm sèl ki te konnen non sa a,... pesonn dòt pa t' konnen li.

274 M ta renmen kanpe sou sa jis on minit. [Frè Branham frape sou chè a on fwa, e l fè yon poz-Ed.] Oh, lala! M gon bon lide, men... petèt ke m te ka, si nou... [Kongregasyon an di: "Annou wè!"]

275 Gade, pèsonn pa konnen L. Èske nou te konnen ke Non "Jewova" a, li pa kòrèk? Pèsonn pa konnen. Doktè Vayle, ou konnen se vre. Tradiktè yo pat janm rive tradwi L. Li eple J-u-h-v... mwen vle di, J-v-h-u. Se pa "Jewova". Yo pat ka manyen L. Yo pa konn sa L ye. Yo rele L "Jewova", men se pa Non Li.

276 Gade, chak fwa on viktwa te ranpòte, ou on bagay te rive, gon non ki te chanje.

277 Gade epòk Abraram. An premye, li te, Abram, e li pat janm ka gen ti bebe sa a, jiskaske non l te chanje pou Abraram. E Sarra, S-a-r-r-a, pat ka gen anyen lòt ke on matris ki mouri jiskaske non l te chanje pou S-a-r-a.

278 *Jakòb*, vle di "sediktè, twonpè", e se sa l te fè. Li mete po mouton sou tèt li, e l twonpe papa l ki te pwofèt, pou pran dwa denès la. Li mete baton pye sikren nan dlo a, pou yo tache, li fè bèt yo pè lè yo te ansent avèk...avèk pitit yo, pou sa te bay bèt ak mouton ki gen po tache. Pat lòt bagay ke on moun kap twonpe!

279 Men on nwit li te kenbe on Bagay reyèl, e l te konnen Li te reyèl. E l rete avè L, li kenbe L jiskaske l pran viktwa a. E non l te chanje, e l te rele *Izrayèl*, ki vle di "on prens avèk pwisans devan Bondye."

280 Pa vre? [Kongregasyon an di: "Amen."-Editè a.] Yo tout te venk!

281 Simon te yon pechè. Men lè fwa l te kenbe e ke l te konnen ke se te Jezi, lè L di l Li te Mesi a, e di l kisa non l te ye epi kisa non papa l te ye, li te on venkè, e l te chanje de Simon a Pyè.

282 Sòl, on bon non. Sòl, te on wa on lè nan Izrayèl, men, on Sòl, sa pat bon pou yon apot. Li te ka bon pou yon wa, men pa pou yon apot. Alò Jezi chanje non l (de kisa?) de Sòl a Pòl.

Gade "Pitit tonè yo," e ensidswit.

283 Epi, Jezi, Non L sou latè a te "Redanmtè," Jezi. Lè L te sou latè a, Li te Redanmtè a, sa se vre. Men lè L te konkeri lanmò ak lanfè, e L te venk yo, e L te monte an Wo, Li te resevwa yon nouvo Non. Se pou rezon sa a y ap rele jan y ap fè l la, e yo pa resevwa anyen.

284 Sa pral revele nan Tonè yo. Wi-wi. Nou wè? Remake mistè yo. Lap vini, sou yon chwal... Fòk gon Bagay pou chanje Legliz sa a. Nou konn sa. Fòk gon Bagay. Remake, “Pèsonn pat konnen, sòf Li menm.” Kounye a, remake, “Pèsonn pat konnen, sòf Li menm.”

Li te gen yon rad benyen nan san. Yo rele l' Pawòl Bondye.

Oh, lala! Remake!

Lame ki nan sièl la t'ap swiv li. Yo tout te moute sou chwal blan, yo te abiye ak bèl rad twal fen, byen klere, byen pwòp.

Yon epe byen file t'ap soti nan bouch kavalye a. Se ak epe sa a li t'ap frape nasyon yo. Li t'ap mennen yo ak yon baton fè. Li t'ap kraze rezen yo nan moulen diven gwo kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a.

Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: WA TOUT WA YO, CHÈF TOUT CHÈF YO.

285 Men Mesi a kap vini. Men Li; pa parèy ak sa a ki te sou chwal sa a. Gade diferans lan. Isi a Li kanpe a Liv la nan men Li, la a, travay redanmsyon an li jis...Li potko pran plas Li. Alò, se pat Kris la ki te soti, Sentespri a.

286 Se pa pou kontredi gran mesye sa yo. Non, msye, m pa fè sa. M pa tap vle fè sa, men sa se-se revelasyon mwen de sa Li ye. Nou wè? Si w gon bagay diferan, eben, se byen, men l pa byen pou mwen. Nou wè, Mwen-m kwè L konsa. Nou wè, bon, nou konn kisa l ye. Nou wè?

287 Epi, remake, nou pa wè Kris ankò, ou wè, depi lè sa a. Men Li sou yon chwal blan. Alò si moun sa a ap galope yon chwal blan, li se jis on imitatè Kris. Ou wè? Nou konprann sa a? [Kongregasyon an di, “Amen.”-Ed.]

288 Remake, kavalye sou chwal blan an pa gen okenn non. Li ka itilize de ou twa tit, nou wè, men l pa gen okenn non.

289 Men Kris gon Non! Kisa l ye? Pawòl Bondye a. Se sa l ye. “Nan kòmansman Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la, vin fè L chè.” Nou wè? Kavalye a pa gen non, men Kris rele “Pawòl Bondye a.” Se sa Li ye. Li rele konsa. Sepandan Li gon Non ke pèsonn pa konnen; men Li rele, “Pawòl Bondye a.”

Imitatè sa a pa rele anyen, ou wè, men li sou yon chwal blan.

290 Kavalye a pa gen flèch pou ak li. Èske nou remake? Li te gon ak, men pa gen anyen ki di li te gen flèch, alò fòk li se yon blòfè. Se vre. Petèt ke l gen anpil tonè, men l pa gen zeklè. Men ou wè ke, Kris te gen toude zeklè ak tonè, paske yon epe byen file tap soti nan bouch Li, Li tap frape nasyon yo avè L. Nèg sa a paka frape anyen, nou wè, men lap jwe pati ipokrit la. Li pran devan, sou yon chwal blan, li soti pou l venk.

291 Kris gon Epe ki byen file, epi, gade, Li soti nan bouch Li. Pawòl vivan an, sa se, Pawòl Bondye ki revele a sèvitè L. Jan L te di Moyiz: “Ale, kanpe la a, lonje baton w lan la; fè mouch yo vini,” e te gen mouch. Sètènman. Kèlkeswa sa l te di, Li te fè l; e sa te akonpli, Pawòl vivan Li. Bondye ak Pawòl Li se yon sèl e menm Moun lan. Bondye se Pawòl la.

292 Men alò kiyès ki kavalye misterye sa a nan premye aj legliz la? Kiyès li ye? Ann panse a sa. Kiyès ki kavalye misterye sa a ki kòmanse kous li nan premye aj legliz la e ki kontinye jouk nan Letènite a, jouk nan fen an?

293 Dezyèm So a parèt e l kontinye jouk nan fen an. Twazyèm So a parèt e l kontinye jouk nan fen an. Katriyèm, Senkyèm, Sizyèm, Setyèm, tout rive isi a nan fen an. E nan fen tan an, Liv sa yo ki te woule pandan tout tan sa a, avèk mistè sa yo ladann, Yo louvri. Alò mistè yo soti, pou nou wè sa l te ye. Men, an verite, yo te kòmanse nan premye aj legliz la, paske legliz la, premye aj legliz la, te resevwa Mesaj la Konsa. [Frè Branham frape sou chè a twa fwa-Edite a.]

294 “On kavalye sou yon chwal blan soti.” Nou wè? Kiyès li ye? Li pwisan nan pouvwa konkeran l an. Li se on gran pèsonaj nan pouvwa konkeran l an. Nou vle m di nou kiyès li ye? Li se antikris la. Egzakteman sa l ye. Bon, paske, ou wè, si yon antikris; Jezi te di ke: “Toude tap tèlman pwòch ke l tap twonpe eli yo (Epouz la) si sa te posibil.” Antikris, se espri antikris la.

295 Sonje, nan aj legliz yo, lè nou te louvri premye aj egliz lan la a, nou te wè ke Sentespri a te kont on sèten bagay ke yo te kòmanse nan aj legliz sa a, epi sa te rele “zèv Nikolayit yo.” Nou sonje sa? [Kongregasyon an di, “Amen.”-Edite a.] *Niko* vle di “konkeri.” *Layit* vle di “legliz la,” layit la. *Niko-layit*, “konkeri layit la.” “Soti Sentespri nan legliz la e remèt Li okonplè bay on sèl moun sen. Kite l chèf tout bagay.” Nou wè sa deja, ou wè, Nikolayit. Remake, Nikolayit te “on-on pawòl,” nan on legliz. Li vin “on doktrin,” nan lòt aj legliz la. Epi nan twazyèm aj legliz la, li te “on kontrent,” epi yo te gen Konsèy Nise a. E l vin on-on doktrin nan on legliz. E ki premye bagay ki te rive? On òganizasyon soti nan li! Bon, se pa vre? [“Amen.”]

296 Di m ki kote premye legliz òganize a soti? Egliz Katolik Women! Di m si Apokalips pa di, nan Liv Apokalips chapit 17, ke: “Li te yon jennès, e pitit fi l yo te jennès.” Se menm bagay

la ki òganize avè l, “jennès.” “Yo pran abominasyon an, salte fònikasyon yo, pou doktrin.” “Ap anseye kòm doktrin kòmandman lèzòm yo.” Remake.

297 Gade, li pati pou konkeri. Remake, li pa gen kouwòn. Map pale la a, de kavalye chwal blan an. Nou wè? “Yo te ba li yon ak epi yon kouwòn, apres a.” Nou wè? Li pat gen kouwòn, pou kòmanse, men yo te ba l yon kouwòn. Remake, pita yo te ba li on kouwòn, wi, twa nan yo, twa nan youn. Sa te fèt twasan zan pita, nan Konsèy Nise a. Lè l te kòmanse, lespri Nikolayit la, pou fòme yon òganizasyon nan mitan pèp la. Epi li kontinye, kontinye, kontinye, li vin “on pawòl,” apres a li vin “on doktrin.”

298 Nou sonje, Kris lè l te pale ak legliz la, Li te di: “ou pa vle wè sa bann Nikolayit yo ap fè a. Mwen menm tou, mwen pa vle wè yo.” Ap eseye konkeri, pran Sentespri a, jis on sèl òm sen; ki ka padonnen tout peche ak tout bagay.

299 E nou fèk li l la a, Pòl te pale de sa. Bagay sa a tap tabli nan dènnye jou yo. E li pa tap ka revele anvan dènnye jou yo. “Alò, Moun ki pèmèt sa, va retire Lespri Bondye a la a; epi lè sa li va revele tèt li.”

300 Jodi a li pran degizman yon chwal blan. Gade kijan l chanje de chwal blan sa a, nan kèk minit. Non sèlman l vin on chwal blan; li vin on bèt avèk anpil tèt ak kòn. Ou wè? Ou wè? Chwal blan an, li se on fo reprezantan kounye a, e se rezon sa a kifè moun yo pat konn sa a pandan tout tan sa a. Yo te panse sa. Men ni kounye a, li pral revele pa Lèzekriti. Remake.

301 Lè Nikolayit la, nou wè, antikris la, li finalman enkane nan on moun, alò li kouwone. Lè l kòmanse, tankou on lespri Nikolayit nan legliz la, li son espri. Ou pa ka kouwone yon espri. Men twasan zan pita, li vin on pap, alò yo kouwone l. Li pa gen kouwòn, pou kòmanse. Men li vin gon kouwòn, pita, nou wè, lè lespri sa a vin enkane. Nou wè? Li vin on moun. Doktrin Nikolayit la vin on moun, apres a yo te ka kouwone l. Yo pat ka fè l, paske, li te jis on doktrin.

302 Glwa! Remake! E lè Sentespri sa ke nou genyen an vin enkane pou nou, Li menm ki nan mitan nou kounye a sou fòm Sentespri a, vin enkane pou nou, nan Moun ki se Jezikri a, nou pral kouwone L Wa dè Wa. Se vre. Ou wè?

303 Kounye a, sonje, apeprè menm moman Kris vin sou Twòn lan, antikris la vin sou twòn lan, Jida. Apeprè menm moman Li kite tè a, Jida kite tè a. Jis apeprè menm moman Sentespri a vini, antikris la vini.

304 Nou konnen, Jan te di isi a: “Timoun yo, m pa vle nou inyoran, nou konnen, apwopo de antikris la, paske l deja la e lap aji nan pitit dezobeyisans lan.” Antikris la lè sa, te la, li te kòmanse la ap fòme lespri Nikolayit la, pou fè yon òganizasyon.

305 Pa etonan ke m te rayi bagay sa a! Ou wè? Ou wè? Men li. Se pat mwen menm; Se te on Bagay anndan m. Men bagay la. Li soti. Nou wè li? [Kongregasyon an di: “Amen.”-Editè a.] E m tap vire toutotou li. M pat ka wè l jiska kounye a. E m konnen l kounye a. Men li. Lespri Nikolayit sa, ke Bondye te rayi.

306 E kounye a espri sa a vin enkanè, e yo kouwone l. E men li, jis la a, kisa Bib la di yo pral fè avè l. Sa pafè. O, lala! Enkanè! Li vin on moun, e apre sa yo kouwone l.

307 Li sa, remake! Oubyen, li, pito, fason Danyèl di li pral pran wayòm legliz la. Èske nou ta renmen li l? [Kongregasyon an: “Amen.”-Editè a.] Nou gen tan pou fè sa, pa vre? [“Amen.”] Ok. Tande. Ann tounen nan Danyèl, jis on moman. Tounen nan Liv Danyèl la, e nou pral li jis on moman. E nou pa pral pi lwen ke kenz, ven minit, oswa trant, oswa on bagay konsa. ok? [“Amen.”]

308 Ann pran Danyèl, chapit 11 lan, e ann pran vèsè 21 an. Men Danyèl, Danyèl kap pale kounye a kap di kijan nèg sa a pral pran kontwòl la.

Anj lan t'ap pale toujou (apwopo de Wòm,). Li di: -Wa k'ap parèt apre sa a pral yon vòryen ki pa t' gen dwa pou l' te nan plas la (kounye a gade). Men, l'ap vini tou dousman... lap vini tou dousman, l'ap fè mannigèt, l'ap pran pouvwa a.

309 Egzakteman se sa l te fè! Se sa Danyèl te di antikris la ta pral fè. Li pral ranpli plas moun yo. Wi, li pral ranpli meni yo-yo pou jou sa a, pou legliz yo. Paske, nan aj legliz sa a, yo pa vle Pawòl la, Kris, men yo vle legliz. Premye bagay, yo pa mande w si w son Kretyen. “Ou fè pati de ki legliz? Ki legliz?” Yo pa vle Kris, Pawòl la. Ou ale, ou pale yo apwopo de Pawòl la kijan pou yo redrese yo, yo pa vle Sa. Yo vle on bagay, jis viv nenpòt jan yo vle, epi toujou fè pati de legliz epi resevwa temwayaj yo. Ou wè? Ou wè? Alò, li ranpli meni an trè byen. Epi, sonje, yo te finalman idantifye l kòm “li, feminen,” nan Bib la, epi l te on jennès e l te gen piti fi. Li jis ranpli bòdwo jounen an, sa moun yo vle a. Men li.

310 Bondye te pwomèt sa. Lè yo refize Pawòl la, alò yo livre a pwòp dezi yo. Ann li nan Tesalonisyen ankò. Se pou ... Mwen vle ou gade isit la jis yon minit. Wi, ebyen, nou li li, toutalè a. 2 Tesalonisyen 2: 9 à 11. Li di ke yo ta fè l. “ Lè yo refize, rejte Verite a, yo ta dwe livre a yon sans repwouve, epi yo ta kwè yon manti epi yo ta modi pa li.” Bon se sa—se sa Sentespri a di.

311 Bon, èske se pa dezi legliz la jodi a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”— Editè a.] Eseye di moun yo yo dwe fè *sesi, sela*, oswa *se lòt bò*, epi y ap fè w konnen byen vit yo se Metodis, Presbiteryen, oswa kisa pi plis, yo “pa bezwen rame nan bato w.” Ou wè? Sètènman. Se sa yo vle.

312 E Bondye di: “Si se sa yo vle, M ap kite yo genyen l. E M ap fè yo kwè vrèman ke sa se Laverite, paske M ap ba yo yon lespri repwouve konsènan Laverite.” Kounye a, gade isit la sa Bib la di, tou: “Menm jan Janès ak Jambrès te kenbe tèt ak Moyiz, se konsa mesye sa yo pral fè nan dènye jou yo, avèk yon lespri repwouve konsènan Laverite; epi yo va chanje gras Bondye nou an an debòch, yo va nye Seyè Bondye a.”

313 Kounye a nou wè ki kote sa ye; pa Katolik sèlman, men Pwotestan. Se tout bagay la. Se tout mond òganize a nèt. Se sa kavalye sou chwal blan sa a, sou kouvèti yon—yon—yon (blan) jistis, legliz, ou wè, men yon antikris. Li oblije sanble. Sou yon chwal, menm, jis tankou Kris la ap vini sou yon chwal. Ou wè? O, anti, sitèlman pwòch li ta twonpe menm Eli a! E men li. Li se antikris la.

314 Li te kòmanse kouri chwal li nan premye laj legliz la. Kounye a, li kouri, kouri atravè tout laj. Kounye a, gade l. Ou di: “Jouk dèyè, jouk dèyè nan tan apòt yo?” Yo te rele l “Nikolayit” laba. Lèfini, laj legliz apre a, alò li vin “yon doktrin” nan legliz la. Dabò, li te jis “yon pawòl,” lèfini, li vin “yon doktrin.”

315 Moun de byen, selèb, byen abiye, trè edike, rafine, yo pat vle tout bagay sa nan legliz la. Non, yo, “pat vle tout zafè Sentespri sa a. Sa dwe yon legliz! Epi nou tout prale nan Konsil Nise a, e latriye, nan Wòm.” Alò lè yo rive la, yo te pran legliz la, epi yo te pran paganis, Katolisi- Women...oswa paganis, Wòm payen an, ak kèk sipèstisyon. Epi yo te pran Astarte a—a, “Iarenn syèl la,” epi yo chanje l pou Mari, manman an. Yo fè moun ki mouri yo tounen entèsesè, e latriye. Epi yo pran losti won kashè sa a, ke yo toujou mete la, tou won, epi yo rele li kò Kris la, “paske li reprezante manman syèl la.” Epi lè yon Katolik ap pase devan l, li fè siy lakwa. Paske, limyè yo k ap limen la a, sa sipoze losti a ki vin Bondye, pa pouvwa prèt la. Alòske, sa se pa anyen nan mond lan ke jis paganis nèt ale. Ou wè? Se vre.

316 Mwen jis pa konprann. Ebyen, wi, mwen konprann. Wi, mwen konprann. Wi, mesye! Mwen konprann li, ak gras Bondye. Sètènman.

317 Kounye a remake. O la la, ki jan yo ka fè sa! Ou wè? Epi yo ba yo sa yo dezire. Non, se vre, ou pa oblije fè Sa. Non, mesye. Si ou pa vle fè Sa, yo pa fòse w pou fè L. Si ou pa vle konfòme w ak fason Bondye mande pou viv ak bagay yo, epi adorasyon, ou pa bezwen fè L. Bondye pa fòse pèsonn pou fè L.

318 Men kite m di w on bagay. Si yo te mete non w nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan, w ap sitèlman kontan pou fè L, ou pa ka tann moman an pou fè L.

319 Gade isit la. Ou di: “M ap fè w konprann, mwen jis osi relijye!” Ebyen, ki ta ka vre.

320 Gade, kiyès ki te kapab di prèt sa yo pat relijye, nan jou Seyè Jezi a? Ki moun ki te ka di pèp Izrayèl la pat relijye, nan dezè a? Lè yo te menm...

“Ebyen, Bondye beni m anpil anpil fwa!”

321 Wi, Li te beni yo, tou. Yo pat menm bezwen travay pou yo viv. Li ba yo manje soti nan syèl la. Jezi di: “Yo tout pèdi, epi disparèt epi peri.”

322 “Zansèt nou yo,” yo di, “ te manje lamàn nan dezè a, pandan karantan.”

323 Jezi di: “E yo tout, yo chak, mouri, separe Etènèlman.” Ou wè? Li di: “Men Mwen se Pen ki bay Lavi a ki soti nan Bondye nan Syèl la. Si yon nonm manje Pen sa a, li p ap janm mouri.” Ou wè? Li se Pyebwa Lavi a.

324 Remake jis ki jan ak ki lè Jezi vini. Prèt sa yo, yo vini la, trè relijye. Gason, pèsonn pa t kapab di yo pa t bon moun. O la la! Yo te mache nan liy lalwa sa a. Tout sa legliz sa a te di, yo te fè l. Si yo pa t fè l, yo te kalonnen yo ak kout wòch. E konsa Li te mache soti...Ou konnen ki jan Jezi te rele yo? Jan te rele yo, “Noumenm bann koulèv nan zèb! Piga nou panse, paske nou fè pati òganizasyon sa a, nou gen kwakeseswa pou wè ak Bondye.” E Jezi te di: “Nou sot nan papa nou, dyab la.” Li te di: “Chak fwa ke Bondye te voye yon pwofèt, kisa k te pase? Nou te kalonnen l ak kout wòch epi nou te jete l nan tonm. Epi kounye a nou soti deyò a la epi nou poli tonm li an.”

325 Eske se pa menm bagay legliz Katolik la te fè? Gade Jeanne d’Arc, ak Saint Patrick, ak tout rès lòt yo. Yo se sila yo ki mete yo ladann. Epi yo detere kò Jeanne d’Arc, epi yo jete l nan rivyè a, kèk santèn lane pita. Epi yo te boule l kòm yon sòsyè.

326 “Nou soti nan papa nou, dyab la, epi n ap fè zèv li.” Se sa egzakteman. Sa pral nan lemonn antye. Ou wè? Se vre! Se sa Jezi te di.

327 E ou panse ke li kòrèk, li parèt ase byen, chwal blan sa a. Men gade kisa w genyen. Se egzakteman sila ki monte sou li a. Bon, men Li di yo te vle sa, alò Li ta voye sou yo yon pwisans pou ki fè yo gaga.

328 Sonje byen, fanm pwostitye Apokalips 17 lan, li te mistè a: “MISTÈ, BABILÒN, MANMAN PWOSTITYE YO.” Epi Jan te admire li. Jis tankou nonm sa a...Gade, ret tann, nou rive isit la epi nou wè l ap gade chwal sa a isit la. Ou wè? Men remake se te...Sa k te rive se te sa, ke, “Li te gade l ak anpil admirasyon.” Men, mistè a te, se ke, “li te bwè san mati Kris yo.” Yon bèl legliz te chita la, li te kouvri ak koulè wouj violèt ak lò, “E li te gen yon koup nan men l, ranpli ak salte fònikasyon li yo.”

329 Kisa fònikasyon yo ye? Se yon vi enpi. Se doktrin li an li te bay la. Lè w ap pran Pawòl Bondye a epi ou fè L pa gen okenn efè, ak kèk “Bonjou Mari,” ak tout lòt kalite bagay sa yo, epi w fè soti. “Epi wa latè yo te fè fònikasyon avèk li”

“Ebyen,” ou di: “sa se legliz Katolik la.”

330 Men li te “manman pwostitye yo,” ou wè, menm bagay ke li te ye a. Men li.

331 Kisa k te pase? Lè refòmatè a te mouri epi mesaj li a te mouri, ou re-...Ou te òganize li, epi ou mete yon pakèt “Rickys” ladann, epi ou te kòmanse fè bagay la tounen pou viv jan ou te vle a. Ou pat vle rete ak Pawòl la. Olye pou yo avanse ak Pawòl la, yo te rete la, “Sa se Sa.” En! Piga w fè sa.

Limem, se Sa, ou wè, moute L anwo la!

332 Remake, se yon sèl bagay. Nou vle frape jis kèk kote ankò anvan nou fèmen.

333 Li se chèf la ki te dwe detwi; pèp Daniel la. Ou kwè sa? Kounye a, mwen pral fè sa, si ou jis vle ede m epi ou pasyan avè m pou kèk minit, mwen pral—mwen pral fè l osi vit ke mwen kapab. Men mwen vle fè l pozitif, paske mwen...Sentepri a ban m Sa, jis osi sèten ke mwen kanpe isit la. Ou wè? Ou wè?

334 Kounye a gade, ann pran, tounen nan Danyèl ankò, jis yon minit. Mwen vle li yon bagay pou ou, ki sa...Si ou pa tounen, se kòrèk. Mwen vle li Danyèl 9, Danyèl 9. Epi mwen vle li vèsè 26 ak 27 la nan Danyèl 9. Epi, gade, si se li ki dwe detwi pèp Danyèl la, ki sa li pral fè.

Epi apre swasantde semèn yo pral retranche Mesi a, ...

335 Ou wè, sa se swasantde semèn yo kote yo ta dwe retranche L, nan swasanndis semèn yo.

... pa pou tèt li: men pou pèp la ak chèf la (sa se yerachi a isit la) ki va vini (ki pral vini) pral detwi lavil la ak ... Tanp; tout bagay pral rete konsa, y ap fini tankou lè gwo dlo desann. Lè sa a, pral gen lagè ak ravaj jan Bondye te parel la.

336 Mwen vle mande nou yon bagay. Aprè Kris fin retranche sou tè a, nan twa ane edmi ministè Li yo, e kisa ki te detwi tanp lan? Ki moun ki te detwi l? Wòm! Sèten. Konstanten oswa, non, ekskize m, Titis, jeneral women an, li te detwi prens lan. Kounye a remake.

Gade sa, zanmi. Li vin desann drèt sou miray sa a.

337 Lè Jezi te fèt, dragon wouj nan syèl la te kanpe devan fanm lan, pou devore Pitit li a osito ke Li te fèt. Eske se vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Kiyès li te ye, ki te eseye

devore Timoun lan lè li te fèt? [“Wòm.”] Wòm. Ou wè? Men dragon wouj la. Men chèf ou a. Men bèt ou an. Ou wè? Men yo, yo tout, jis menm lan, ou wè, “devore Timoun lan.” Bondye anlve L nan syèl la, Li mete L chita sou Twòn Li. Se la Kris ye kounye a jouk lè ki fikse a. Ou wè? Kounye a, gade sa li pral fè.

338 Bon, o, kounye a, mwen kwè mwen t ap pale ak yon moun isit la. Li ta ka te Frè Roberson jodi a, oswa yon moun mwen te pale sou sa, sou sa; pa sou sa a isit la, men jis sou menm bagay la. Mwen kwè mwen te preche sou li isit la, sa pa fè lontan, sa ki pral rive Etazini sa a, sou sitiasyon lajan sa a. Ou wè? Ebyen, kounye a n ap peye dèt nou yo sou taks ki pral touche nan karantan apati de jodi a. Se konsa nou jouk dèyè. Èske nou te janm vire bouton radyo nou sou KAIR anwo a, oswa Lifeline, epi koute li, ou wè, ki sot Washington? Poukisa, nou konplètman terase. Se tou.

339 Ki pwoblèm? Lò a anmagazine nèt, epi jwif yo genyen bon yo. Se pral Wòm. Kounye a gade. Nou konnen ki moun ki posede gwo magazen yo, men Wòm posede pi gran pati nan richès mond lan. Rès la, se jwif yo ki genyen l. Kounye a, gade sa a. Kounye a, jis koute sa a, kijan Sentespri a te fè sa soti pou mwen.

Epi li pral konfime alyans lan avèk anpil moun pou yon semèn: (kounye a gade) e nan mitan semèn nan li pral fè sakrifis la ak obligasyon yo sispans...yo pral mete abominasyon an, bagay k ap bay gwo lapenn lan chita byen wo nan Tanp lan. L ap rete la jouk moun ki va mete l la a va kontre ak bout li, jan Bondye pare sa pou li a.

340 Gade! O, ala yon bagay malen li ye! Men li. Kounye a, nou gen pòtrè a e nou konnen ke li se Wòm. Nou konnen ke li se kavalye sou chwal blan an. Nou konnen ke li te soti tankou yon doktrin. Epi kisa Wòm payen te ye? Li te konvèti an Wòm papal, epi li te kouwone.

341 Kounye a gade, “Nan fen tan an.” Pa nan premye jou yo lè Kris t ap preche a, men, “nan fen tan an,” dènye pati nan semèn nan, kote nou fèk sot pran swasann dis semèn Danyèl yo. Epi Kris te pwofetize pandan twa ane edmi, e poutan gen twa ane edmi ki rete. Èske se vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Epi chèf sa a nan tan sa a dwe fè yon alyans ak pèp Danyèl la, ki se jwif yo.

Bon sa se lè Lepouz la fin anlve. Li p ap wè sa.

342 Remake, nan dènye mwatye semèn Danyèl la, pèp la fè yon alyans. Prens sa a fè yon alyans avèk Wòm, li fè yon alyans avèk yo, pa gen okenn dout poutèt richès yo, paske Katolik ak jwif yo kenbe richès mond lan.

343 Mwen te nan Vatikan an. Mwen wè kouwòn an twa pati a. Mwen te sipoze gen yon entèvyou ak Pap la; Baron von Blomberg te prepare l pou mwen, sou yon...pou yon mèkredi apremidi a twazè.

344 Lè yo mennen m bay wa a, yo wete woulèt yo nan pantalon m. Se kòrèk. Yo te di m pou m pa janm ba l do m, lè m ap kite l. Se kòrèk.

Men, mwen te di: "Kisa mwen dwe fè devan nèg sa a?"

345 Li di: "Ebyen, se pou w jis ale epi mete w ajenou sou yon sèl jenou epi bo dwèt li."

346 Mwen di: "Sa pa ladann. Sa pa ladann. Non, mesye." Mwen di: "M ap—m ap rele nenpòt nonm yon 'frè' ki vle vin yon 'frè.' M ap rele l 'reveran,' si l vle gen tit sa a. Men, pou adore yon nonm, tout sa se pou Jezikri." Ou wè? Non. Non, mesye. M p ap bo men okenn nonm konsa. Non, pa sa. Kifè, mwen pa t fè l.

347 Men mwen te dwe ale nan tout Vatikan an. Franchman, ou pa t ap kapab achte l ak yon santèn de milya de milya dola. Ebyen, ou ta yon...Epi jis panse: "Richès mond lan," Bib la te di, "yo te jwenn li lakay li." O, jis panse a gran plas sa yo, dè milya de fwa yo...

348 Poukisa kominis leve isit la nan Larisi? Sa jis fè m malad nan vant mwen, pou m tandè yon bann predikatè ap rele kont kominis, epi yo pa menm konnen de kisa y ap pale. Se vre. Kominis pa anyen. Li se yon zouti nan men Bondye, pou pote revanj sou tè a, pou san sen yo. Se vre.

349 Epi apre Legliz la fin anlve, Wòm ak—ak jwif yo pral fè yon alyans youn ak lòt. Bib la te di yo tap fè l, ansanm ak pèp sen an. E kounye a remake, yo pral fè l paske (poukisa?) Nasyon sa s nan fayit. Epi rès mond lan ki baze ekonomi li sou lò a nan fayit. Ou konnen sa. Si n ap viv depi kounye a de taks, de enpo ki pou peye, nan karantan, ki kote nou ye?

350 Gen yon sèl bagay ki ka fèt, sa se, retire lajan an nan sikilasyon epi peye bon yo. E nou pa ka fè sa. Se pou Wall Street yo ye, epi se jwif yo ki kontwole Wall Street. Rès la nan men Vatikan. Epi jwif yo gen rès la nan Wall Street, ak komès nan mond lan. Nou pa ka retire lajan an nan sikilasyon.

351 E si yo te ka fè l, ou panse...Gwo chabrak wiski sa yo ak—ak tout moun tabak sa yo, ki, gen dè milya de fwa de milya de dola nan yon ane, e ki detounen tout taks sou revni yo nan pwodwi vye fim vilgè ak bagay konsa. Epi y ale laba a la nan Arizona, epi yo achte dè milyon de kawo tè nan peyi a, oswa dè milye, epi yo fouye gwo pwi, ki vo senkant mil dola, epi yo peye sa ak taks sou revni yo. Epi yo ta mete w nan prizon si w pa peye pa w la. Men yomenm yo debarase yo, yo voye pwi monte, epi yo voye bulldozè laba a. Epi kisa yo fè? Yo mete

pwojè konstriksyon kay ladann, nan pwochen trimès la, ak lajan yo fè anplis. Yo dwe fè investisman. Epi yo mete pwojè konstriksyon kay, ladann, epi yo vann yo pou dè milyon de dola. Ou panse mesye sa yo pral fè konpwomi, pou chanje lajan an?

352 Tankou kanmarad sa a laba...Ki jan li rele? Jan Castro te fè. Li te fè sèl bagay entelijan li te janm fè, alò, lè li te detwi bon yo, li te ranbouse yo epi li detwi li.

353 Remake, men nou pa ka fè sa. Mesye sa yo p ap kite sa fèt. Machann yo ki rich sou tè a kenbe l.

354 Epi gen yon sèl bagay pou ki fèt. Legliz Katolik ka peye li. Se li menm sèl ki gen lajan an. E li ka fè l, e li pral fè l. E nan fè sa, pou arrive a sa, li pral fè konpwomi ak Jwif yo, pou fè yon alyans. E lè li fè alyans sa a ak Jwif yo...Kounye a, sonje, mwen pran sa nan Lekri. Epi kounye a, lè li fè sa, epi li fè alyans sa a, nou remake, nan Danyèl 8:23 ak 25, "li pral lakòz metye yo pwospere," e metye yo se *manifakti*, "nan men l." Epi li fè alyans sa a ak Jwif yo.

355 E, nan mitan sa a, twazan edmi yo, li kase alyans li, osito ke li fin resevwa tout bagay, epi li fin ranmase lajan jwif yo. E lè li fè sa...O, la la! O, la la!

356 Yo rele li antikris jouk nan fen laj legliz la, paske li se...li menm ak pitit li yo kont Kris ak Pawòl la. Yo rele nonm sa a antikris.

357 Kounye a, li pral kenbe tout lajan an. E se la mwen panse ke li pral vini. Jis yon minit, antan m di sa, alò mwen vle retounen sou sa nan yon minit.

358 Yo rele li antikris la, epi yo pral rele li antikris la, nan je Bondye, jouk nan fen tan an. Bon, men lè sa a yo pral rele l yon lòt jan.

359 Kounye a, lè li fin gen tout lajan an sou kontwòl, "Lè sa a li pral kraze alyans sa a ak jwif yo," jan Danyèl isit la te di ke li ta fè l, "nan mitan dènye mwatye swasanndis semèn yo," nan Danyèl . Epi, frè, kisa li pral fè? Li pral gen tout tranzaksyon ak komès mond lan, yon pak avèk lemond, paske li pral posede richès mond lan, konplètman. Epi pandan tan sa a, de pwofèt yo pral parèt sou sèn lan epi rele san karantkat mil yo. Alò kisa k pral rive? Lè sa a y ap mete mak bèt la sou pye, nan Apokalips 13, paske li kenbe tout komès, tranzaksyon, ak tout bagay mond lan. E kisa k pral rive lè sa a? Mak bèt la ap vini, ke, "Pa gen pèsòn ki ka ni achte ni vann, si l pa gen mak bèt la." [Frè Branham frape sou lestrad la twa fwa—Editè a.]

360 Mèsi Bondye, Legliz la pral jwi yon bon twazan edmi nan Laglwa, Li p ap pase atravè sa.

361 Kounye a remake, nan fen tan an, nan fen laj legliz yo kounye a, yo rele li...Li menm ak pitit li yo yo rele yo antikris, paske nenpòt bagay ki kont Kris li se antiKris. E nenpòt bagay ki kont Pawòl la li kont Kris, paske Kris se Pawòl la. Kounye a li se antikris.

362 Alò, nan Apokalips 12: 7-9, lè yo chase Satan, akizaté a. Nou vle note sa, paske mwen vle nou li li. Nou pa gen tan kounye a; li prèske, li dizè mwen ven, mwen ka, ou wè. Men nan Apokalips 12: 7-9, "Satan," lespri a, "dyab la," ki anwo a kounye a, "akizaté frè nou yo." Dakò.

363 Legliz la anlve, yo mete Satan deyò. Lè Legliz la monte, Satan desann, lè sa a, Satan enkane tèt li nan antikris la epi yo rele li "bèt la." Alò, Apokalips 13, li mete mak la sou pye. Ou wè?

364 "Lè Sila ki retni a," sèlman kounye a, yo kite Krisyanis la sou tè a nan pite li, se akoz, "Sila ki retni a."

365 Sonje byen isit la nan Tesalonisyen, "Li chita nan tanp Bondye, li rele tèt li Bondye, l ap padonnen peche sou latè." E sa ap kontinye, "epi inikite pral ogmante," e latriye. Paske, li poko ap popilè, toutotan lè li dwe revele a poko rive.

366 Epi Legliz la pral anlve. E lè li fin anlve, alò li pral chanje tèt li soti nan yon antikris li ye kounye a, o, la la, "legliz la, gwo legliz la ak sa," kounye a li vin "bèt la." En-en! Mwen swete mwen te kapab fè moun yo wè sa.

367 Kounye a, sonje, antikris la ak bèt la se menm lespri a. Men Trinite a. Wi, mesye. Se twa etap nan menm pwisans dyab la. Sonje byen, Nikolayis, ou wè, li te dwe enkane anvan li te ka kouwone. Ou wè? Kounye a, gade sa, twa etap. Premye etap la, yo rele l antikris; dezyèm etap la, yo rele l fo pwofèt la; twazyèm etap la, yo rele l bèt la.

368 Remake, Nikolayis, ansèyman antikris ki te kòmanse nan epòk Pòl, kont Pawòl Bondye a, antikris la.

369 Alò yo rele li, fo pwofèt la ankò. Sa ki fè, lè ansèyman an vin yon nonm, li te yon pwofèt nan ansèyman yerachi a, nan—nan yerachi legliz Katolik la. Pap la se te pwofèt pou fo pawòl la, e sa ki fè l yon fo pwofèt.

370 Twazyèm etap la li se yon bèt, yon nonm ki kouwone nan dènye jou yo, ak tout pouvwa ke Wòm payen te janm genyen. Paske, bèt sèt tèt la, dragon an, yo te chase l soti nan syèl la, epi li te vin enkane li nan fo pwofèt la. Men li, li te gen sèt kouwòn, e yo te chase l epi yo te jete l anba sou latè ak lanmè a. Dakò.

371 Kisa nou di? Ki moun ki kavalye sa a, kavalye chwal sa a? Èske nou konnen ki sa li ye? Se sipèòm Satan an.

372 Mwen te ale lòt swa a, ak de frè ki chita nan legliz sa a kounye a; Frè Norman, dèyè a la, epi, mwen kwè, ak Frè Fred. Nou t al laba pou n tandè yon nonm k ap anseye sou antikris la. Yon nonm ki byen koni, youn nan pi bon asanble Bondye yo te genyen, e fason li te entèprete antikris la se te, ke, “Yo pral pran yon vitamin nan kèk sòt, apati de—de yon nonm, epi fè pase lavi sa a ki soti nan yon nonm nan yon gran estati ki pral poze...travèse yon blòk kay alafwa. E sa se...” Èske w ta ka imajine yon nonm ki ranpli ak Sentespri a, oswa ki pretann se sa li ye, ta ka anba yon ilizyon konsa?

373 Alòske, Bib la isi a, di kiyès ki antikris la. Se pa yon...Se yon nonm. Remake, kavalye sa a pa anyen ke sipèòm Satan an, dyab enkanè a. Li se yon jeni edike. Kounye a, mwen espere zòrèy ou louvri. Yo t ap eseye youn nan pitit li yo, pa gen lontan, nan televizyon, pou yo wè si li pat pi entelijan pase lòt nonm lan, pou l ka kandida pou Prezidan. Ou wè? Men, sepandan, li te gen anpil sajès; Satan tou. Li eseye vann li. Li vann li bay Èv. Li vann li ba nou. Nou te vle gen yon sipèòm. Nou te resevwa l. Dakò. Lemonn antye vle yon sipèòm. Yo pral jwenn li. Jis ret tann jiskaske Legliz la anlve, epi yo chase Satan; li pral enkanè. Se vre. Yo vle yon moun ki ka reyèlman fè travay la. Li pral fè l.

374 Enstwi! Sa se yon...sipèòm Satan an, ak enstriksyon, ak sajès, ak teyoloji legliz la nan pwòp pawòl li yo, ke l kreye limenm. Epi li monte chwal blan denominasyonèl li a, pou twonpe pèp la. Epi li pral konkeri tout relijyon nan mond lan, paske yo tout prale nan konfederasyon mondyal...legliz yo, ak konfederasyon mondyal legliz yo. E yo deja gen bilding yo ki bati, ak tout bagay byen prepare. Pa gen yon sèl bagay ki rete. Chak denominasyon kole ladann, federasyon legliz yo. E kisa k ap sipòte l? Wòm. Epi pap la ap kriye kounye a: “Nou tout se youn. Ann vini ansanm epi ann mache ansanm.”

375 Epi moun sa yo, menm kèk nan nou moun Plen Evanjil yo, refize, oblije refize ansèyman evanjelik nou an, pou yo fè yon etap konsa. Kisa nou te fe? Sitèlman avèg, pou bagay denominasyonèl sa a, nou rejte Laverite. Epi Laverite te plase devan yo, epi yo—yo te elwaye yo de Li, yo kite L. E kounye a “yo livre yo pou yo vin gaga, pou yo kwè yon manti epi pou yo modi avèl.” Se egzakteman sa li ye.

376 Epi antikris la pran tout bagay. E Bib la di, ke “li te sedwi tout moun,” t-o-u-t, “tout moun sou tè a nèt, ki pat gen non yo ki te ekri anba So sa yo depi nan fondasyon mond lan.” [Frè Branham bat men l yon sèl fwa — Editè a.] Hmm! Kounye a, si Bib la te di ke li te fè l, li te fè l.

377 Yo di: “Ebyen, mwen fè pati...” Men li. Wi. Se egzakteman sa. Se menm enstitisyon pwostitye yo. Se menm sistèm lan ki te kòmanse depi nan konmansman an, ki se menm antikris la, tout tan.

378 Mwen pral tande pale de sa, men sa...Se Laverite. Mwen espere sa. Amèn.

379 Kounye a, remake, li pral konkeri. Li prèske gen anpriz li kounye a menm, pandan ke li se toujou antikris, anvan li vin bèt. W ap pale de pinisyon kriyèl? Jis ret tann. [Frè Branham frape sou chè a kat fwa—Editè a.] Gade kisa sila yo ki rete isit la sou tè a pral gen pou yo andire. En-en. “Pral gen kriye, plenn, ak manje dan. Paske dragon an, Wòm, te voye dlo soti nan bouch li, pou fè lagè avèk rès Posterite fanm lan, ki te rete sou tè a apre yo te fin chwazi Lepouz la epi anlve Li. Epi dragon an te fè lagè ak rès yo, yo pa t vle antre, epi yo te pouswiv yo.”

380 Epi vrè Legliz la t ap pase nan sa si sa te posib; men, ou wè, yo pafè anba San sa a, pa gras Kris la, epi yo pa ka ale nan okenn Tribilasyon. Yo pa gen okenn peryòd Tribilasyon. Pwochè bagay la pou Legliz se Lanlèyman. Amèn, e amèn! Lwanj pou Bondye. O, pou jan mwen renmen sa!

381 Kite m di nou. N ap di kisa yon konkeran pral fè, e li reyèlman pral konkeri. Li deja fè l. Li jis deja fin koud, se tou; li pral koud li, ak lajan an, yon lajan sal. Se egzak. Yo renmen lajan plis pase Bondye. Tout sa yo panse kounye a se: “Konbyen lajan li genyen?” Kisa sa ye?

382 Ou konnen, yo konn di, souvan: “Bay legliz la lajan, epi li pral revolisyone mond lan. Bay legliz la lajan, epi li pral voye evanjelis toupatou nan mond lan. E kisa li pral fè? Li pral konkeri mond lan pou Kris.”

383 Kite m di w yon bagay, pòv zanmi avèg mwen an. Yo pa ka ganye lemonn avèk lajan, men ak San Jezikri. Bay Bondye gason ki se gason galan, y ap kanpe la sou Pawòl sa a, y ap viv oswa mouri; se sa ki pral konkeri. En-en. Gen sèlman yon sèl bagay ki ka konkeri, sa yo ki gen non yo ekri nan Liv Lavi Ayo a depi nan fondasyon mond lan. Se sèl sa yo ki pral tande Li. Lajan p ap gen anyen pou fè ak sa; sa va voye yo pi lwen nan tradisyon denominasyonèl yo.

384 Ann wè. Wi, se va yon moun ak yon jeni edikatif. L ap entelijan. O la la, la la, la la! E tout pitit li bò kote l yo pral entelijan, Doktora an Filozofi., Doktora an Dwa pa si, Doktora an Dwa pa la, QSD, ABCDEF desann nan Z. Yo pral genyen l yo tout, entelijan. Poukisa? Se dapre lòd Satan. Nenpòt riz malen ki kont Bib la vin de Satan.

385 Se egzakteman avèk sa li te pran Èv. Èv te di: “O, sa ekri, Bondye te di pou nou pa fè sa.”

386 Li di yo: Men, tann. Se sèten Bondye pa pral fè sa. Men m ap louvri je ou, m ap ba w kèk sajès.” Li te jwenn li.

387 Nou te vle l. Nou te resevwa l, tou, nasyon sa a. Remake, li pral konkeri tout mond relijye a. Li pral konkeri, fè yon alyans ak pèp Danyèl la. Men li, ni nan Moun lòt Nasyon yo, ni nan pèp Danyèl la, Jwif yo pou dènye semèn yo. E men nou, li menm trase sou tablo. Epi nou wè li, pafè, men kote li ye. Mèsi Bondye. Men li. Sistèm òganizasyonèl sa a soti nan dyab la. Epi sa, m pa bezwen okenn gan blan, non pli. Ou wè? Egzakteman. Se rasin dyab la. Se...

388 Bon, se pa moun, pa moun ki la. Yo se pèp Bondye a, anpil nan yo. Men, ou konnen kisa, lè nou rive isit la, jouk nou rive sou Twonpèt sa yo k ap klewonnen; epi, pwochenn fwa mwen vini, Twonpèt sa yo k ap klewonnen. Sonje byen, lè yomenm, dènye zanj lan...twazyèm Zanj sa a vini: “Soti nan mitan li, pèp Mwen an!” Lè Zanj sa a vole, se menm lè a Mesaj sa a desann isit la pou dènye Twonpèt la, Mesaj dènye zanj lan, dènye So a louvri. Tout rive nan menm tan an. Wi, mesye. Tout bagay antre nan plas li epi li pati pou Letènite.

389 Kounye a kisa? An menm tan ke nèg sa a ap konkeri...Epi m ap fèmen. Bondye pral fè yon bagay lè sa a, tou. Ann pa jis bay Satan tout kredi a isit la, ou wè. Ann pa pale de li, tout ansanm. Ou wè? Pandan ke gwo bagay sa a ap pase la a, gran sistèm sa ap likide tèt li nan òganizasyon sa yo, nan yon sendika, pou yo ka ini tèt yo ansanm epi kanpe kont kominis, epi yo pa konnen ke Bondye sisite kominis pou konkeri yo. Se sèten.

390 Kisa—kisa—kisa ki te fè kominis monte nan Larisi? Akoz malpwòpte legliz Women an ak rès lòt yo. Yo te pran tout lajan ki te gen nan Larisi, epi yo te kite moun yo mouri grangou, epi yo pat ba yo anyen, e olye de sa, yo te viv menm jan tankou rès mond lan.

391 Mwen te desann Meksik, sa pa fè lontan, e mwen te wè pòv timoun piti yo. Nenpòt peyi katolik pa menm ka ede tèt li. Pa gen youn ladan yo. Mande m ki kote. Montre m ki kote yo ye. Nenpòt peyi ke Katolik kontwole pa menm ka ede pwòp tèt li. Lafrans, Itali, ak tout lòt yo, Meksik, kèlkeswa kote w ale, yo pa ka ede tèt yo. Poukisa? Legliz la pran tout sa yo posede. Se rezon sa a ki fè Larisi choute l mete li deyò. Gade kisa k te fèt.

392 Mwen konnen sa, mwenmenm. Mwen te kanpe la. Epi ou ta panse ke jibile an lò a te vini, ou tande klòch yo k ap sonnen. E men yon pòv ti fanm, k ap vini desann nan lari a, ap trenen pye l. Ak yon papa k ap pote yon ti bebe; epi de oswa twa ladan yo, ap kriye. Li t ap fè penitans pou kèk fanm ki mouri laba. Li te gen li...Li te panse li ta gen pou l al nan syèl la, poutèt sa. O, ala sa fè pitye!

393 Epi mwen wè, ki te kanpe la, ki te vini...Ekonomi yo, sitèlman mal balanse! Legliz la pran tout sa yo te genyen. Isit la, yon ti Pancho, petèt—petèt Pancho vle di Frank. Li desann, epi li

se yon mason k ap poze brik, epi li fè—li fè ven pesos nan yon semèn. Men li pral pran ven pesos la nèt, pou l achte yon pè soulye pou li. Sa se ekonomi yo. Men kounye a, isit la, kisa alò, si—si li, se yon mason k ap poze brik, epi li fè ven pesos nan yon semèn, annou di. Mwen pa konnen ki sa li fè, men ann di ke se jan de fason sa a ékonomi li balanse. Remake, kounye a, si li fè ven pesos nan yon semèn.

394 Men Chico, ou wè, ki vle di “piti a,” epi li travay laba a pou apeprè senk pesos nan yon semèn. E li gen dis timoun pou l bay manje, men pral gen yon moun k ap frape nan pòt li, [Frè Branham frape sou lestrad la plizyè fwa—Editè a.] pou pran apeprè senk nan pesos sa yo, oswa kat ladan yo, de tout fason, pou peye pou kèk balèn k ap boule sou yon lotèl an lò ki vo yon milyon dola pou peche l yo. Men ni. Sa se balans ékonomi a. Se konsa peyi yo ye.

395 Bagay la pran tout nèt. Legliz la pran tout bagay. Li jis posede tout nan men l. Se tou. Epi limenm, ak lajan Jwif yo, nan alyans sa a, jan Bib la te di, yo pral pran tout bagay la.

396 Epi li tounen yon bèt. Li kraze alyans li, epi li fè vyolans. Li dechire rès posterite fanm sa a, konsa. Li fè dlo soti nan bouch li; li fè lagè. Epi pral gen kriye, plenn, ak manje dan.

397 E Lepouz la ap marye, nan Laglwa, ou wè, nan menm tan an. Pa rate li, zanmi. Bondye ede mwen! Mwen—mwen vle la. Mwen pa bezwen konnen kisa sa koute. Mwen—mwen vle la.

398 Kounye a, remake, nan menm tan sa ap pase, jis anvan sa a fèt, pito, sou tè a, Bondye te pwomèt...Nan mitan tout konfizyon denominasyon yo, k ap diskite sou diferans yo genyen konsènan kwayans yo, Bondye te pwomèt ke li ta voye pou nou yon vrè pwofèt nan vrè Pawòl la, avèk yon Mesaj; pou retounen nan Pawòl Bondye orijinèl la, ak “Lafwa zansèt yo,” pou fè Pwisans Sentepri a desann nan mitan pèp la, avèk yon pwisans ki pral elve l pi wo pase bagay sa yo e ki pral fè l antre an menm tan. Wi. Menm Pawòl ke yo te jistifye, nan Jezikri, ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan! “Gade, Mwen la avèk nou toujou, jouk nan lafen. Epi zèv ke Mwen fè yo, nou va fè yo tou. Mwen va menm demere avèk nou. Yon ti tan ankò, epi yo pa pral wè M ankò,” paske yo pral òganize epi egare tèt yo. “Men, noumenm nou pral wè M, paske M ap demere avèk nou. M ap menm demere nan nou, jouk lafen.” Se lè sa a, Li te di ke kolè Li pral devèse apre lafen an. Men ni. O Bondye!

399 Kiyès ki kavalye sou chwal blan an? Nou pa avèg. Nou wè kiyès li ye. Se antikris sa a, ak lespri twonpè sa a k ap fè chimen l kounye a epi ki enfilte...Fè...E, lè sa a, ou wè, Bondye jis kontinye repete li. Li montre li tankou yon nonm k ap soti sou yon chwal blan, ak banza li epi pa gen flèch. Li se yon blofè. Li pa gen okenn pwisans. Ou di: “Pwisans legliz la!” Ki kote li ye? Kisa yo fè? Yo di: “Nou se legliz orijinèl la.” Legliz orijinèl la te chase move lespri yo, li te

geri malad yo, li te resisite mò yo, li te gen vizyon, ak tout lòt bagay. Ki kote li ye kounye a? Ou wè? Se yon blòfè, yon banza ki pa gen okenn flèch. Mm! Se vre.

400 Men, ou wè, lè Kris vini, yon Epe te soti nan bouch Li, tankou yon zèklè. Li te soti, epi li te boule lènmi L yo, li te chase dyab la. Li koupe tout lòt bagay. Epi Li vini, rad Li te tranpe nan san, e sou kwis li te ekri: “Pawòl Bondye a.” Amèn. Men Li ki vini, ak lame Li a, ki soti nan Syèl la.

401 Kavalye sou chwal blan sa a te nan peyi a depi tout tan. Li pral chanje soti nan antikris. Li fè sa, li vin tounen yon fo pwofèt. Ou wè, li te fèk kòmanse, yon antikris, lespri a; epi li vin yon fo pwofèt; epi, pita, lè yo chase dyab la, li vin dyab la enkanè. Twa etap! Premye a, li se yon demon, pou kòmanse, yon lespri dyab la; lèfini li vin yon fo pwofèt, yon pwofesè k ap anseye yon fo doktrin; pwochen bagay la, li vin tankou dyab la limenm, enkanè. Ou wè? Se la li ye.

402 Epi an menm tan ke dyab sa a tonbe soti nan Syèl la epi li vin enkanè nan yon nonm, Sentespri a monte epi li redesann nan moun ki nan lachè. Amèn. O la la! Ala yon tan!

Demen swa, si Bondye vle, Dezyèm So a.

403 Nou renmen Li? [Kongregasyon an di: “Amèn.” Frè Branham pran yon poz— Editè a.] Kounye a, nou kwè Li? [“Amèn.”]

404 Mwen fèk sot fèmen kasèt la. Kounye a, mwen pral tande pale de Sa. Ou konnen sa, ou wè. Men, mwen atann mwen a sa.

405 Kite m di w yon bagay, frè. Mwen fèk konnen kounye a, pou yon fwa nan lavi m, poukisa Lespri sa a te toujou avèti m kont yo, òganizasyon sa a. Mwen rekonesan anvè Seyè Bondye a paske li te montre m bagay sa yo. Mwen konnen ke Se Laverite. Men li, ki revele la menm. Isit la li fè chimen l atravè laj la, epi li vini drèt isit la epi li montre tèt li drèt isit la, osi pafè ke li kapab. Ou wè, se li. Kounye a, bagay sa a pa sedwi nou. Kounye a, je w yo louvri. Rete lwen kalite bagay sa a. Epi renmen Seyè a ak tout kè w, epi rete fèm avèk Li. Wi, mesye. Soti nan Babilòn!

406 [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] Twa bagay: Pawòl la pwouve li, yon foto montre li, li manifeste nan zèv Lespri a, pou konfime ke Se Pawòl la.

407 Se pou Pawòl la vini sou mouchwa sa yo, Seyè. Geri malad yo. Geri tout moun ki malad ki prezan, Seyè, ak tout sa yo laba ki ekri nou e ki rele nou.

408 Papa, nan moman sa a, gen yon lòt gerizon ki ta dwe fèt kounye a menm, epi nou ka kontinye sèvis gerizon an. Men, Seyè, se nanm sa a, nou vle sa jis antre nan lòd, Seyè. E bagay sa yo dwe rive.

409 Nou lapriyè, Bondye, ke Ou va pran pawòl sa yo kounye a ki te di, epi fè yo reyèl pou pèp la. Se pou yo wè Li, Seyè. Antan m kwense nan tan an, epi, Ou konnen, Papa, alò mwen priye ke te gen ase ki te di ke Sentespri a pral pran L epi revele L nan kè yo. Sila yo k ap pran nòt sou Ekriti yo, se pou yo etidye Yo. Sila yo k ap fè kasèt oswa—oswa—oswa k ap tande kasèt yo, se pou yo etidye Li; pou yo pa ajoute pwòp entèpretasyon yo ladan L kounye a, men jis etidye Pawòl la. Akòde li, Papa. Nan Non Jezi, mwen remèt tout bagay nan men Ou, e pou glwa pa W. Amèn.

410 [Yon frè pwofetize. Kongregasyon an kontan—Editè a.] Amèn. O, mès! [Kongregasyon an kontinye rejwi.] O!

411 Si gen yon moun isit la ki pa konnen Li, nan padon Li, fè l kounye a. Koute reprimann dirèk e fò sa a. Si ou janm konte apwoche pi prè, fè li kounye a, pou jou yo k ap vini apre sa.

412 E si se te ouvèti So sa a? E si se te Zanj yo te voye laba, alòske eksplozyon an (prèske) te souleve m anlè tè a, lòt jou a, lè m te kanpe laba, alòske twa temwen te kanpe tou pre. Sa mwen te di nou anvan m te pati: “Ta va gen yon eksplozyon ki ta prèske souleve m anlè.” E sèt Zanj te souleve m anlè, epi mwen te vin twouve m nan lès. Bagay la te on jan souleve m monte anwo tè a.

413 Èske se vre, Frè Norman, Frè Fred Sothmann, ki te kanpe avè m lè sa te rive, pi wo Tucson? E... M te chita la, m t ap rache kèk plant ki te kole sou rad mwen, ekzakteman sa vizyon an te di. E se te nan sid...nan direksyon Tucson. Si se vre, leve men nou, Frè Fred, Frè Norman. Men yo. Leve kanpe sou pye nou, pou moun yo ka wè ke nou te la, kòm temwen. Mwen pat janm tande yon bagay konsa, nan lavi m.

414 Epi, imedyatman, yo pa t fè lachas, pou rès jounen an. Mwen te sipliye Fred, nan demen maten. Li pa konnen sa. Mwen te sipliye l pou l al fè lachas, mwen te kontinye di: “Fè li. Fè li.”

415 Men li te di, Li te di lè sa a: “Li p ap fè l. Ou pral nan Lès, kounye a menm.”

416 Epi sèt Zanj yo la! Depi nan premye eksplozyon an, li te louvri. Wi. E si se te sa? Nou nan dènye èdtan an. Ou wè?

Mwen renmen...

Ann adore L.

Mwen renmen L

Paske Li renmen m anvan

Ann kanpe.

E Li te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

417 Ann netwaye kè nou kounye a, frè m yo, pandan n ap bese tèt nou. Sè m yo, mwen te pale terib avèk nou, men mwen te fè sa nan lanmou diven. Mwen te fè sa paske mwen te renmen nou; konsènan pote cheve long, ak abiye epi aji kòrèkteman. Mwen te fè sa akòz lanmou diven. Ann pirifye konsyans nou kounye a pandan—pandan Kloròks Bondye a la.

418 Denmen maten, li ka twò ta. Li ka vini. Bagay sa yo rive konsa, frè m yo, li ta ka lafen ofis medyatè Li a. Eske ou te janm panse a sa? Ebyen, mwen pa konnen si se sa. Mwen pa di se sa. Men, e si se te sa? E si se te sa? Kisa alò? Pa gen okenn redanmsyon ankò; se fini, nan moman sa a. Mwen espere ke se pa sa, men gen yon posibilite ke se sa.

Mwen renmen L, mwen...

Netwaye nou, Seyè. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

...renmen L

Paske Li renmenm anvan

E Li te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

419 Ke Non Seyè a beni! Glwa pou Bondye! Mwen renmen santi dous sansasyon sa a. Ou pa santi Sa? Jis Sentespri a, tankou, L ap inonde nou, antan n ap mache avè L. O, ala bèl bagay! O, panse a mizèrikòd Li!

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li renmen m anvan

E Li te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

420 Pa bliye Li, zanmi. Pa bliye Li. Al lakay ou avè L. Rete avèk Li. Kenbe L sou zòrye w. Pa bliye Li. Rete avèk Li. Bondye beni w kounye a.

Frè Neville, pastè nou.